

**ЦАРДИ ДÆ ГЪУДДÆГУТÆЙ ЦИУАВÆР ÆГЪДАУ ИТАУАЙ, ДÆ КАДÆ ДÆР УОМÆ ГÆСГÆ УОДЗÆНÆЙ!..**

***Артур ШОПЕНГАУЭР (1788-1860), немуцаг философ: «Кадæ аразгæ ’й, адæймаг, иннети хæццæ рабаргæй, ци хузæнæй байзайуй, уомæй... Тæккæ устурдæр аргъ фæууй, алли уавæрти дæр æ уодигъæди меддуйне æнæййевгæй кæмæн байзайуй, еци адæймагæн. Æндæр хузи зæгъгæй ба, кадæн уотид æхецæн неци аргъ ес, фал адæймаг кади аккаг ци хузи исуй, е æй æ рахуæцæн...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№19 (1035) 2026 анзи 23 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман


**АЦИ АНЗ НИМАЙÆН МАЛИТИ ГЕУÆРГИЙ АНЗБÆЛ – ОКТЯБРИ Æ РАЙГУРДБÆЛ ÆНХÆСТ КÆНУЙ АВДИНСÆЙ АНЗИ (1886-1942)**

## «НИФС, ЛÆГДЗИЙНАДÆ УАРЗЕТÆ, СКÆНТÆ МУГГАГМÆ СТУР НОМ...»



Нæ республики адæмон артисткæ ЦÆРИКЪАТИ Римæ (лæууй астæуæй), æ фарсмæ Чиколай культури Галауани адæмон театри архайæг ЕЛЕТИ Хъазбег, нæ мадтæлон æвзаг æма литератури Бони кадæн бæрæгбони мадзали æригон архайгути хæццæ.

«Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ, скæнтæ муггагмæ стур ном...» Малити Геуæргий аци фæдзæхст æ номдзуд æмдзæвгæ «Федог»-æй фæлтæрæй-фæлтæрмæ зундгонд æй нæ дзиллæн, ахид æй æримисæн нæ абони цардиуаги хабæртти æма нæ исонибони бæлдити фæдбæл дзубандити. Е иссæй æ сæйраг медес, нæ мадтæлон æвзаг æма литератури Бони фæдбæл 15 майи Чиколай культури Галауани ци дзиллон мадзал арæзт æрцудæй, уомæн дæр. Кæрæйкæронмæ дæр си дессаги зæрдæмæдзæугæ бæрæгбон рауадæй. Уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма си хъæбæр ирдæй рабæрæг æй нæ уодварни аци бæрæгбони сæйрагдæр нисанеуæги ахсгиагдзийнадæ – нæ мадтæлон æвзаги дууæ къабазей – дигорон æма ирон æвзæгти æнсувæрдзийнадæ, се ’хсæн федар бастдзийнадæ æма æмцæдесондзийнадæ. Мадзали рæстæги æмхузон цитгингонд цудæнцæ Хетæгкати Къостай æма Малити Геуæргий рохс нæмттæ, райгъустæнцæ сæ исфæлдистади алæмæтдзийнади æвдесæнтæ, райзæлдæнцæ се ’нæмæлгæ поэзий рæнгъитæ.

Аци арфиаг гъуддаг арæзт æрцудæй нæ республики адæмон артисткæ, Ирæфи районi адæмон театри режиссер **Цæрикъати Рими** хъæппæресæй. Арфиаг ба уомæй æй, æма си фулдæр архайгутæ адтæнцæ кæстæртæ, æма уонæн аци бæрæгбон е ’хцæуæндзийнади хæццæ ма иссæй нæ Фидибæстæ дæр æма нæ адæми уодварнон хæзнадзийнадæ уарзуни, сæ сæрбæлтау æновудæй архайунмæ сæ разæнгардгæнæг æцæг урок... Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-аг фарсбæл.

**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**


**БÆРÆГБОН**



## РАЙДЗАСТХÆССÆГ ÆМА НИФСДÆТТÆГ БÆРÆГБОН

Куд еугур дуйней, уотæ Цæгат Иристони цæрæг пусулмæнттæ дæр 27 майи райдайдзæнæнцæ бæрæг кæнун сæ цитгин бæрæгбон – Хъурмантæ.

Бæрæггонд цæуй куд нивондæрхæссуйнади Бон. Ралæууй пусулмон къæлиндари дууадæсæймаг мæйæ зуль-хиджи 10-аг бон. Уæрæсей официалон æгъдауæй ци еумæйаг граждайнаг къæлиндарæй пайдагонд цæуй, уомæ гæсгæ ба Хъурманти райдайæн алли анз дæр фæууй æндæр рæстæги, уомæн æма пусулмон æма еци къæлиндари еуæй-еу мæйти бæнтти бæрцæ фæйнæхузи æй. Уомæ гæсгæ аци анз Хъурманти райдайæн хауй 27 маймæ.

* * *

*Хъурманти бæрæгбони туххæй æрмæг кæсетæ 7-аг фарсбæл.*

**ИМИСÆН**



## АДТÆЙ НÆ АДÆМÆН СÆ СÆРБОНС

Иристони номдзуддæр лæгтæй еу, зундгонд революцион æма партион-паддзахадон архайæг Тæкъоти Алийи фурт Симони райгурдбæл 27 майи æнхæст кæнуй дæс æма авдинсæй анзи (1876-1938). Нæуæг, советон хецаудзийнадæ æрфедар кæнуни сæрбæлтау æновуд тохгæнæг, е берæ агъазиау хуæрзти бацудæй куд нæхе адæмæн, уотæ Цæгат Кавкази иннæ адæмихæттитæн дæр. Æма ’й абони дзиллæ арфиагæй имисунцæ. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 4-5-аг æма 8-аг фæрстæбæл.

***Адæймаг цийфæнди кари дæр хуæздæрмæ фенгъæлмæ кæсуй. Уотæ уæрæсейаг пенсиесгутæ дæр – етæ куд нимайунцæ, уотемæй аккаг пенси син уидæ 53 500 сомей бæрцæ мæйæмæ ку есиуонцæ, уæд (хецæнтæй нимайгæй ба нæлгоймæгтæ бæллунцæ пенси 54,8 мин сомей бæрцæ есунмæ, силгоймæгтæ ба – 52,4 мин сомей бæрцæмæ).***

**РÆСТÆГИ ДОМÆНТÆ АФОНÆБÆЛ КУ ÆНХÆСТ КÆНАЙ, УÆД СÆ ХУАРЗДЗИЙНÆДТÆЙ ХАЙГИН УОДЗÆНÆ!..**



Сергей МЕНЯЙЛОЙ фембæлд «Машук»-и арæзт ахурадон семинари архайгути хæццæ.

# «ЕУДЗИЙНАДÆ ÆМА ÆМГУСТАДÆ – НÆ ЦАРДГЪОНДЗИЙНАДИ БУНДОР...»

***Нæ республики аци бæнтти ци берæ аллихузон цаутæ ’рцудæй, уонæн сæ хæдзарадон æма культурон ахедундзийнадæ уæлдай бæрзонддæр раудæй сæ еугæнæг медес – нуриккон уавæрти нин уæлдай ахсгиагдæр нæ еудзийнадæ федардæр кæнун, æ гъомусади тухгиндæрбæл ба еугур равгитæ æма гæнæнтæй дæр архайун. Æма уин мæнæ ци цаути кой ракæнуйнаг ан, уонæми кæд комкоммæ уой фæдбæл дзубанди нæ цудæй, уæддæр сæ нисанеуæги бундор ба еци гъуди адтæй.***

## ЦÆМÆЙ НÆ ИСОНИБОНМÆ ЦÆУГÆЙ РÆСТВÆНДАГ УÆН!..

Сахар Пятигорски фæсевæдон мадзал «Машук»-и æрæги арæзт æрцудæй ахурадон семинар «Коммуникация и лидерство в действии. Команда РСО-Алания». Архайдтонцæ си нæ республики Сæргълæуууæги æма Хецауади Администраций косгутæ, хецаудзийнади минæвæрттæ, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ. Семинари ахурадон программæмæ гæсгæ куд нисангонд цудæй, уотæ си æрдзубанди кодтонцæ, абони сæ ахсгиагдзийнадæ уæлдай бæлвурд кæмæн æй, уæхæн аллихузон фарстатæбæл – фæсевæдæн бæлдтаг хабæрттæбæл, нæ Фидибæсти уодварнон хæзнати æведуйгæ фарни æма сæ исонибони фæлтæртæн дæр федауцæй багъæуай кæнуни, æвзурститæ аразуни æма си архайуни, информацион фæткити туххæй æма æндæр гъуддæгутæбæл.

Семинари архайгути хæццæ фембалдæй нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло**. Æ радзубандий фиццагидæр уой баханхæ кодта, æма ауæхæн мадзæлттæ зæрдæмæдзæугæ æнцæ куд кæрæдзей хæццæ фембæлуни равгæ, фæл уæддæр сæйраг ба е æй, æма еумæйагæй æрдзубанди кæнгæй æрцæуæн нæ куст æнтæстгинæй райаразуни фæдбæл еумæйаг унаффæмæ, исбæлвурд кæнæн нæ исонибонмæ рæствæндагдæрæй цæуни мадзæлттæ. Уой фæдбæл дзоргæй æ гъуди адтæй:

– Еудзийнадæ æма æмгустадæ ’нцæ нæ цардгъондзийнади сæйрагдæр бундор æма сæ гъæуай кæнун, федардæр кæнун гъæуй…

Семинари рæстæги æ архайгутæн равдистонцæ кинонивæ «Рæстдзийнади надбæл». Дзубанди си цæуй, сæрмагонд æфсæддон операций Цæгат Иристонæй æ тугъдон ихæстæ ка ’нхæст кæнуй, уони туххæй.

– Кинониви алли радзурд дæр æй патриотизм, лæгдзийнадæ æма æхсари ирд æвдесæн,– загъта Сергей Меняйло. – Ци цаутæ æма хабæртти кой си цæуй, уони æнæмæнгæ гъæуй зонун. Махæй гъæуама иронх ма уонцæ нæ бæгъатæртæ. Арфæ кæнæн зонундзийнæдти центр «Машук»-æн, уæхæн ахсгиаг программæ царди ке рауагътонцæ, уой туххæй. Хецæн арфæ ба кæнæн кинонивæ исаразгутæ æма æ архайгутæн, сæ федар уодихъаурæ æма рæстдзийнадæн.

Кинонивæмæ бакæсуни фæсте семинари архайгутæ равардтонцæ фарстатæ Сергей Меняйло æма киноniви продюсер **Кашина-Зассети Ольгæмæ**.

Мадзали рæстæг Сергей Меняйло Арфи финстæгутæ равардта «Машук»-и ахурадон архайди департаменти хецау **Екатеринæ Ханæн**, Центри директори ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Дмитрий Садкойæн**, кинонивæ «Рæстдзийнади надбæл»-и продюсер Кашина-Зассети Ольгæ æма проекти автор **Аннæ Захарянæн**.

* * *

Мæнæ ци семинари кой кæнæн, уоми æхцæуæн цаутæй ма иссæй е дæр, æма федералон проект «Медиа Рост» æнхæст кæнуни гъуддаги зæрдиагæй архайуни туххæй си Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети историон факультети цæттæкæнуйнади къабазæ «Социологи»-й магистранткæ **Багулти Алинæн** исаккаг кодтонцæ нæ регионi Сæргълæуууæги Арфи финстæг. Æ хуæрзеуæг ин кадгин уавæри равардта нæ республики Сæргълæуууæг æма Хецауади Администраций разамонæг **Гобети Ибрагим** æма уой фæдбæл æ радзубандий уотæ загъта:

– Пайдайаг проектти архайгæй, нæ фæсевæд æскъуæлхтдзийнæдтæ ке æвдесунцæ, е нин æхцæуæн æй. Алинæ æма нæ иннæ æригон специалисттæн сæ медесгун фæндитæ банхæст кæнун ке бантæсдзæнæй, е ни федарæй æруагæс кæнуй.

## СÆРÆН ФÆСЕВÆДÆН – РАЗÆНГАРДГÆНÆГ АГЪАЗ

Цæгат Иристони фæсевæд цæйбæрцæбæл сæрæн æнцæ, цæйбæрцæбæл арфиаг гъуддæгутæй æскъуæлхунцæ, е зундгонд æй. Уой фæдбæл берæ ирд æвдесæнтæ ’рхæссæн ес. Зæгъæн, Уæрæсей культурон хъæппæрести Президенти фонд кæдæй арæзт æрцудæй, уæдæй ардæмæ æ гранттæй аккаггонд æрцудæй не ’мзæнхонтæй æригон архайгутæ. Æма си мах дæр сæрустур ан.

Уой бæлвурдæй баханхæ кодта нæ республики Сæргълæуууæг Сергей Меняйло, æрæги ин Президентон фонди 2026 анзи грантти рамолуни дуккаг конкурси цæгатиристойнаг уæлахездзаути хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми æ радзубандий. Фембæлд исаразунæн ма адтæй еума ахсгиаг рæуагæ – фонди исарæзтбæл исæнхæст æй фондз анзи.

Не ’мзæнхонти ’рдигæй конкурсмæ ци дууæ æма дууинсæй проектти æвдист æрцудæй, уонæй аст райстонцæ агъаз.

Аци бæрæггæнæнмæ гæсгæ нæ республикæ Цæгат Кавкази федералон зилди субъектти ’хсæн байахæста фиццаг бунат. Еумæ райсгæй, грантти хузи фæрæзнитæ ’нцæ 24,5 миллион соми.

Сергей Меняйло зæрдиаг арфæ ракодта культурон хъæппæрести Президентон фонди 2026 анзи грантти дуккаг конкурси уæлахездзаутæн.

– Гранттæ райсун æхцæуæн куд нæй, фал уомæй сæйрагдæр ба е æй, нæ культури ирæзтæн, фæсевæди ’хсæн æ парахат кæнунæн хъæппæрестæ уæмæ ке фæззиннуй, е. Уæлахездзаути ’хсæн ес нæ адæми истори, æгъдæуттæ æма фæткитæ багъæуай кæнунмæ арæзт проекттæ. Нæ адæми равзурд, нæ фидтæлтæй нæмæ ци æведуйгæ хæзнатæ æрхъæрттæнцæ, уони арæхстгинæй багъæуай кæнун, историй сифтæ «райгас» кæнун, абони фæлтæрти æргом сæмæ раздахун, цæмæдесæй сæ равдесун æй вазуггин æма арф темæ. Æхцæуæн æй, уой бæрцæ хуарз æма пайдайаг проекттæ царди уагъд ке ’рцæудзæнæнцæ Цæгат Иристони сумах фæрци æма культурон хъæппæрести Президентон фонди агъазæй. Сумах айтæ сæрæн фæсевæд, зæрдиагæй уин арфæ кæнун!

Культурон хъæппæрести Президентон фонди Дзæуæгигъæуи проектон офиси разамонæг **Байати Лолæ** куд фæббæрæг кодта, уотемæй ци проекттæ фæуæлахез æнцæ, уонæй дууæ баст æнцæ архитектури къабази хæццæ, е ба уæлдай æхцæуæндæр æй, уомæн æма 2026 анзи Цæгат Иристон нимад æй куд Архитектури анз.

Фембæлди архайгутæ радзурдтонцæ сæ проектти, уæдта конкурси архайуни фæлтæрддзийнади туххæй, базонгæ кодтонцæ сæ идарддæри фæндитæ æма нисанти хæццæ.

Куд загътан, уотемæй фонд аци анз исбæрæг кæндзæнæй æ фондзанзон юбилей. Еци рæстæг Цæгат Иристонæй гранттæ райсуни конкурсти архайдтонцæ 395 команди, 47 проекти иссæнцæ уæлахездзаутæ æма республикæмæ грантти хузи æрбафтудæнцæ 147 миллион соми.

Культурон хъæппæрести президентон фонди Дзæуæгигъæуи проектон офис байгон æй 2024 анзи, æма уæдæй ардæмæ консультацион æма методикон æгъдауæй агъаз кæнуй республики æнæкоммерцион æма коммерцион организацитæн, амалгъонти культурон, аййевадон æма креативон индустрий хъæппæрестæн.

## НÆ БУДУРТИ ТИЛЛÆГÆРЗАД АГЪАЗЗАГДÆР КУД КÆНА...

Нæ Фидибæсти цæрæг адæмти ’хсæн еудзийнадæ æма æмархайд гъомусдæр кæнунæн культурон-ахурадон хъæппæрести хæццæ æмбæрцæ агъазгæнæг æй хæдзарадон гъуддæгути æнтæстгин райрæзт дæр. Уой фæдбæл æрхæсдзинан еу æвдесæн.

Зундгонд гъæуууонхæдзарадон кустуат «Фат-Агро»-й хъæппæресæй бабæй Цæгат Иристони 13-14 августи арæзт æрцæудзæнæй аллианзон наукон-практикон форум – нур æстæймаг хатт. Федарæй уотæ зæгъун æнгъезуй, æма е исуодзæнæй агропромышленнон къабази ахсгиагдæр цау, æрбайеу кæндзæнæй науки, амалгъонади, гъæууон хæдзаради, аллихузон ведомствити минæвæртти.

Æ архайгутæ ба исуодзæнæнцæ иуазгутæ, æрцæудзæнæнцæ Уæрæсей алли регионтæ æма фæсарæйнаг бæститæй. Дзубанди си цæбæл цæудзæнæй, еци фарстатæн ба сæ сæйрагдæр исуодзæнæй – «Хуæрзмуггаг картофи муггаг рауадзуни нуриккон технологитæ». Специалисттæ се ’ргом фулдæр раздахдзæнæнцæ нæ будурти таун æма садзунæн нæхе фидибæстон хуæрзмуггагон хузтæ исаразуни фарстатæмæ, кустади ахедундзийнадæ фæгъгъомусгиндæр кæнунмæ инновацион технологитæ хæссуни гъуддагмæ.

Эксперттæ исбæлвурд кæндзæнæнцæ селекций нуриккон фадуæттæ, хуæрзмуггаг æрмæги æнæнездзийнадæ, къабази нимæдзон унаффитæй пайда кæнуни равналæнтæ, картоф даруни технологитæ, æ багъæуай кæнуни, импорти бæсти хе продукци уадзуни æма æндæр фарстатæ. Уæлдай æргом раздахдзæнæнцæ дуйнеуон æма регионалон æмгустадæмæ практикон фæлтæрддзийнадæй кæрæдземæн хай кæнунмæ, наукæ æма амалгъонади ’хсæн рахаститæмæ.

***Аци цаути***
***хабæрттæбæл рафæлгæст***
***бацæттæ кодта***
***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***



**Киунугæдæнтти Еумæйагуæрæсеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 27 майи. Цæй æма дзиллонæй бабæрæг кæнæн нæ республики киунугæдæнттæ!**

ЦАРДИ ФÆРНУГДЗИЙНАДÆ АДÆМИ РАУОНЦИУОНДЗИЙНАДÆЙ ИРÆЗУЙ!..



ЦАГЪАТИ Сослан (астæуæй) боз æй аразгути кустæй.

# АФОЙНАДÆБÆЛ ÆНХÆСТГОНД ГЪУДДАГ – ЗÆРДИРАЙ!..

Адæми цардиуаги уавæртæ хузæнондæр кæнунæн Дигори райони политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-й хъæппæресæй нисангонд мадзæлттæ куд æхæстгонд цæунцæ, уомæ райони разамунди 'рдигæй еудадзугон лæмбунæг цæстадард ес.

Мæнæ æрæги бабæй райони разамонæг, партиий бунæттон хайади сектерарь **Цæгъати Сослан**, æ хæццæ ма партий политикон совети иуонгтæ **Гулати Ремæ** æма **Къорнати Тамерлан** (райони газет «Дигори хабæрттæ»-йи сæйраг редактор), фиццаградон организаций нимæрдар **Касати Эльзæ** æма æхсæнадон палати минæвар **Вероникæ Пахомова**, уотемæй æркастæнцæ, бæрзонд социалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, еци нæуæг арæзтæдтæ æма бундоронæй цалцæгкæнуйнаг азгъунстити куститæ куд цæунцæ, уомæ.

Уавæр бæрæггæнгутæ устур аргъ искодтонцæ, Уорсдони гъæуи астæуккаг скъолабæл капиталон æгъдауæй куститæ тагъд æма бæрзонд уæлвæзадæбæл ке цæунцæ, уомæн.

Хъæрмани гъæууон скъолай цалцæггæнæн куститæ нерæнгæ нур райдæдтонцæ. Нуртæккæ бал косгутæ æййевунцæ бæстихаййи сæр æма къæрæзгити рамитæ. Дууæ объектеми дæр цалцæггæнæн куститæ 'нхæст кæнуй арæзтадон æхсæнадæ «Кайзер».

Дур-Дури ба фæуунтæбæл æнцæ нæуæг спортивон зали арæзтадон куститæ. Сæ тæккæ тæмæни 'нцæ инженерон коммуникацитæ æма пъолтæ æййевуни куститæ, сæрмагонд æрмæгæй си гæрæнтæ дæр аразунцæ. Уой хæццæ ба ма æвæрунцæ автономон кæдзосгæнæн амаддзаг. Скъолай фæзуат дæр нивæбæл фæлгонцгонд æрцæудзæнæй. Аци спортзали уодзæнæй уæгъдебарæ гъæбесæйхуæцгути æма аллихузи спортивон фæрæзнитæй архайуни залтæ, физикон æгъдауæй æ гæнæнтæ цубур кæмæн æнцæ, еци граждæнти къуарæн дæр си ес аллихузи уодæнцойнæ уавæртæ. Æнхæстæй си цалцæггæнæн куститæ фæуодзæнæнцæ июни мæйи райдайæни. Дзуапп ибæл дæттуй кустуат «Лана», æ сæргълæууæг **Æгъузарти Зурапп**.

Мадта Дур-Дури 2-аг астæуккаг скъола дæр цубур рæстæгмæ исуодзæнæй гъæуи федауцæ. Ами фæуунтæбæл æнцæ бундоронæй цалцæггæнæн куститæ. Æнхæст ба сæ кæнуй кустуат «Лана». Скъолай хузæн федауцæ 'й, æрæги ци нæуæг, æхсæзинсæй бунати кæми ес, сабийти еци рæвдауæндонæ дæр, рæсугъд гъазæн фæзи хæццæ.

Партион къуари зæрдитæ барохс æнцæ сахар Дигорай рæвдауæндонæ «Улыбка»-йи ци цалцæггæнæн куститæ æнхæстгонд цæунцæ, уонæй дæр. Аци азгъунсти æнхæстæй æййивд æрцæудзæнæнцæ еугур инженерон коммуникацитæ, бæстихаййи сæр, къæрæзгитæ, дуæрттæ, пъолтæ, фæрстæ æма санитарон техникæ дæр.

Дигори райони сæргълæууæг Цагъати Сослан устур аргъ искодта, «Еумæйаг Уæрæсе»-й программи фæлгæти цалцæггонд, уæдта нæуæгæй арæзт ка 'рцудæй, еци бæстихæйтти уавæрæн. Аци азгъунститæ æмгъуд рæстæгмæ гæсгæ лæвæрд ку 'рцæуонцæ, уæд е уодзæнæй агъазиау ампъез Дигори райони изолдæри райрæзти, цæргути царди уавæртæ фæхххæуæздæр кæнуни гъуддаги – е æй партий сæйрагдæр нисан.

Цагъати Сослан ма сæрмагондæй баханхæ кодта уой дæр, æма райони разамунд зæрдиагæй арфæ кæнуй Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн**, Дигори районмæ æ еудадзугон лæмбунæг цæстдарди, уæдта федералон æма регионалон программитæ сæ райони цæрди рауадзуни гъуддаги агъаз кæнуни тухххæй.

УÆРÆСЕЙ СОЦИАЛОН ФОНДИ ЦÆГАТИРИСТОЙНАГ ХАЙАДИ ПРЕСС-СЛУЖБÆ ИГЪОСУН КÆНУЙ

# НÆУÆГИГУРДТÆН – ЕУРÆСТÆГОН ПОСОБИ

Бийнонтæ, сæ есбони уавæр æма се 'фтуйæгти бæрцæ нæ нимайгæй, сувæллони райгурди рæстæг еурæстæгон пособи исæвæрунцæ.

Аци анзи райдайæнæй нурмæ амунд пособи райстонцæ 1,4 мин цæгатиристойнаг бийнонтæ (уой хæццæ – ка нæ косуй, еци нийийергутæ дæр). Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ аци гъуддагæн радех кодта 39,5 миллион соми.

Аци анз 28450 соми ке бæрцæ 'й, еци феддон дæттунцæ нийийергутæй еуемæн (æфтуйаги бæрцæ нæ нимайгæй). Бийнонтæн кæд цалдæр сувæллони райгура, уæд пособи федунцæ алли нæуæгигурдæн дæр.

– Косæг нийийергутæн пособи исæвæрунцæ проактивон уагæй (гъома, курдиадæ æрветуни ихæс æвæрд сæбæл нæ фæууй), ЗАГС-и оргæнтæй Социалон фонди хайадæмæ ка 'рбафтуйуй, сувæллони райгурди тухххæй еци бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ. Æхца бафедунцæ еугур гъæугæ бæрæггæнæнтæ райсуни фæсте дæс косгæ бонеймæ, – зæгъуй Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристонаг хайади разамонæг **Милдзихти Аслан**.

Бийнонти дууæ нийийерæги дæр кæд косунцæ, уæд пособи анæй еуемæ барветдзæнæнцæ. Зæгъæн, кæд айдагъ фидæ косуй, уæд имæ феддон бафтуйдзæнæй.

Социалон фонди республикон хайади клиентон службæмæ, кенæ портал «Госуслуги»-й фæрци барветун ке гъæуй, ка нæ косуй, еци нийийергутæн пособи бафедунцæ уæхæн курдиадæмæ гæсгæ. Аци гъуддаг банхæст кæнун гъæуй сувæллони райгурдæй 6 мæйей æмгъудмæ. Пособи исæвæруни тухххæй унаффæ дæр рахæссунцæ 10 косгæ бонемæ.



Архайæг фæткæмæ гæсгæ, материалон агъаз федун гъæуй сувæллонмæ ка кæсуй æма сувæллон гъомбæл кæнунмæ райсæг адæймæгутæн дæр.

Фарстатæ уæмæ кæд байзадæй, уæд уин ес Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт-центрмæ **8-800-100-00-01** телефонæй лæвар бадзоруни барæ (Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади линий кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæни уæнгæ – 9.00 сахаттемæй 18.00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба 9.00 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ).

ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Сталин Тегерани 1943 анзи конференций рæстæг Рузвельт æма Черчилли уоййасæбæл бакъуми кæнидæ æма си етæ бустæги исгъигæ 'нцæ, архайдтонцæ уæддæр æй естæмæй баунгæг кæнун.

Уæд дин еухатт, сæ сæумон æмбурди размæ куд дзубанди кодтонцæ, уотемæй дин Черчилль ку зæгъидæ:

– Айсоми уæхæн фун фæууидтон, цума дуйней баргин исдæн!..

– Мадта æз ба, – загъта Рузвельт, – уæхæн фун фæууидтон, цума дун-дуйней баргин исдæн!.. Ду ба циуавæр фун фæууидтай, маршæл Сталин?

– Æз ба уæхæн фун фæууидтон, – еци сæрбæрзондæй дзуапп равардта Сталин, – цума нæ исфедар кодтон нæдæр дæу, тубай Черчилль, нæдæр дæу, тубай Рузвельт...

* * *

*Черчилль æма Рузвельти бундартæ, Англис æма Америки Еугонд Штатти нури баргинтæ дæр, æвæдзи, сæ фунти уинунцæ, цума дуйней баргинтæ æнцæ...Фал син Уæрæсей разамунд хъæбæр æргомæй балæдæрун кодта, сæ фунтæ цæйбæрцæбæл раст нæ 'нцæ æма сæ фæффудевгед кодта се 'рра бæлдитæй. Уомæй фæззæрдрист уогæй, нур ба нæ паддзахади нихмæ арæзунцæ аллихузон фудмиутæ, сæ рæузунд хъозонти нæбæл æнседунцæ. Фал... Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Æрра бæхбадæг догъи нæ разæй кæнуй...»*



**Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999), академик: «Хе адæм хуæрзлæдæрдæй уарзундзийнадæ нецихузи ес исеугæнæн иннетæбæл æнæнвæрсондзийнади хæццæ...»**

* * *

Кæддæр æмцæдесонтæ ка адтæй, еци республикитæ Советон Цæдеси фехæлди фæсте хебарæ паддзахæдтæ ку фестадæнцæ, уæд сæ баргинтæ сæхе, гъома, бундорон адæми сæрбæл дзоруни рæуонæй æнæуинондзийнади хузи кæсун байдæдтонцæ уоми цæрæг иннæ адæмихæттити минæвæрттæмæ, аллихузи сæ æфхуардтонцæ... Уой фудæй ба «сæхе» адæмтæ берæ цæмæйдæрти гъигæдард æййафунцæ... Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Еске ка маруй, е æхе дæр рамæрдзæнæй...»



**Антон МАКАРЕНКО (1888-1939), педагог, финсæг: «Гъомбæладæн æ сæйрагдæр медес уой медæгæ 'й, æма хестæреуæггæнæг фæлтæр æ фæлтæрддзийнадæ, æ уæлмонц, е 'ууæндундзийнадæ раттуй кæстæреуæггæнæг фæлтæрмæ...»**

* * *

Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Хестæр – амонæг, кæстæр – ахуадæг...» Ауæхæн зундирахаст ци адæми удиконди нæ уа æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаги ихæси хузæн, уомæн, баруагæс уи уæд, æ уæхæн цийфæндидзийнадæ фæсмойнаг исуодзæнæй исонибони – уогæ ин аккаг исонибон дæр кæми уодзæнæй...



**Ги де МОПАССАН (1850-1893), францусаг финсæг: «Æхе ка нæ нимайуй, е фудæбойнаг æй, æхецæй æгæр боз ка 'й, е ба – æдули...»**

* * *

Цума нæ нури хецауеуæггæнгутæ ба кæцитæмæ хаунцæ? Еумæй, сæхе æгæрдæр ма нимайунцæ, гæнæн æма амал цийфес, уомæй сæхе некæцихузи фенæхай кæндзæнæнцæ, уой хæццæ ба сæхецæй хъæбæр ниббоз унцæ. Уой дæр – æнæфсæрмийæй. Ихæсгин ци адæмæй æнцæ, етæ ба боз æнцæ æви нæ – е сæмæ нимади дæр нæй...

**Арæнтæгъæуайгæнæги Бон Уæрæсей бæрæггонд цæуй 28 майи. Уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн, абони нæ Фидибæсти арæнтæ Иристони зæнхæбæл къæрцгъосæй ка гъæуай кæнуй, уонæн!..**

***Николай ТИХОНОВ (1896-1979), советон финсæг: Иристони арт... Хъæбæр рæсугъд æй еци арт, мæнæ мæ алливарс ка ес, еци адæми хузæн. Нæ, нæ мæ сайдтонцæ, кæд дæ рæсугъд адæм фæууинун фæндуй, уæд Дигоргоммæ фæццо, зæгъгæ, мин ка загъта, етæ.***


ТÆКЪОТИ Симон (рахесæрдигæй дуккаг) е ’мтохгæнгути хæццæ. 1921 анз.

# АДТÆЙ АДÆМÆН СÆ СÆРБОНС



**ТОТОЙТИ Михал (1910-1979),**
историон наукити доктор, профессор

***– Тæкъоти Симон æ еугур революцион æма партион-паддзахадон кустæй равдиста, рæстзæрдæ адæймаг ке адтæй æма рæстуодæй ке лæггадæ кодта æ адæмæн дæр æма Райгурæн бæстæн дæр. Уой ин нæ ниббухстæнцæ нæ адæми знæгтæ, арæзт ибæл æрцудæй æбуалгъ, мæнгард гъуддаг æма Тæкъоти Симони й 1937 анзи æрахæстонцæ. Æ уæззау незæй фæссæйгæ уогæй, уоми 1938 анзи 24 октябри рамардæй. Уотæ æверхъауæй ин æ цард ку нæ рацубуртæ кодтонцæ, уæд ма ин цæйбæрцæбæл берæ арфиаг гъуддæгутæ исаразун бантæстайдæ!..***

## 1 -АГ ХАЙ

Тæкъоти Симон райгурдæй Киристонгъæуи (абони – сахар Дигора) 1876 анзи 27 майи. Æ ниййергутæ адтæнцæ хумæтæг зæнхкосгутæ, æма æ бийнонти, уæдта уони хузæн фæллойнæгæнгути ирисхъи æгудзæгдзийнадæмæ гæсгæ ’й балæдæрдтæй, цæйбæрцæбæл æнæраст адтæй уæди доги цардарæзт. Ка ’й, зонуй, уæд имæ фæззиндтæнцæ, еци уавæр æнæмæнгæ исрасткæнуйнаг æй, зæгъгæ, гъудитæ. Етæ, куд баргъондæр кодтонцæ, уотæ федарæй-федардæр кодтонцæ æ уодигъæди æма иссæнцæ æ царди сæйрагдæр медес. Киристонгъæуи гъæуuон скъола 1889 анзи каст фæууогæй, Симон бацудæй Æрæдони æхсæзанзон скъоламæ æма си фæййахур кодта цуппар анзи. Скъолайæй æй рацох кодтонцæ, архимандритмæ карзæй ке исдзурдта, уой туххæй. Фæстæмæ æрæздахтæй Киристонгъæумæ æма 1894 анзи цалдæр мæйей дæргъи адæми сувæллæнтти ахур кодта сæ хæдзæртти.

Æндæр гæнæн ин нæ адтæй, æма бацудæй æфсæддон службæмæ. 1894-1896-аг æнзти службæ кодта 82-аг фестæг полкки Грознай. 1896 анзи бацудæй Калаки юнкерти скъоламæ æма ’й каст фæцæй 1898 анзи. Равардтонцæ ин подпоручикки цин æма ’й рарвистонцæ Ташкенти батальонмæ. Уоми баслужбæ кодта 1902 анзи уæнгæ. Æфсади службæмæ æ зæрдæ нæ ирадæй. Бæлдтæй уæлдæр ахургонддзийнадæ райсунмæ. Æхебæл хъæбæр архайдта. 1902 анзи Тæкъой-фурт æфсадæй рацудæй æма Ташкенти гимназимæ ахур кæнунмæ бацæуни фæдбæл фæлварæнтæ равардта, уæдта профессор В.Ф. Миллери агъазæй бацудæй Мæскуй университети юридикон факультетмæ. Университет каст нæ фæцæй, уомæн æма имæ 1904 анзи фæдздзурдтонцæ æфсадмæ Японий хæццæ тугъд ке райдæдта, уой туххæй. Фал æй тугъдмæ нæ рарвистонцæ. Еци рæстæги бæсти революцион æзмæлд ке искарз æй, уомæ гæсгæ паддзахи хецауадæ не ’ндиудта, революцион зундирахаст кæмæ адтæй, еци студентти æфсадмæ æрветун æма сæ исуæгъдæ кодта æфсæддон службæй.

Университетмæ фæстæмæ бацудæй 1906 анзи сентябри æма ’й каст фæцæй 1907 анзи. Уой фæсте райдæдта адвокати куст кæнун Дзæуæгигъæуи.

Фал Симонæн сæйрагдæр иссæй революцион куст кæнун. Революцион æзмæлди бæлвурдæй архайун байдæдта 1902 анзи, Терки облæсти еугурей разæй социал-демократон æзмæлд ку фæззиндтæй, уæд. Социалистон ахурадæ æма косгути æзмæлдмæ е ’ргом æздахун райдæдта никки раздæр. «Терки облæсти революцион æзмæлди туххæй», зæгъгæ, ци æрмæг ниффинста, уоми уой туххæй Симон зæгъуй, социалистон æзмæлди хæццæ базонгæ дæн 1897 анзи, Калаки юнкерти скъолай ку ахур кодтон, уæд, зæгъгæ. Еци рæстæги Калаки ахургæнгутæ цæттæгæнæн институти ахур кодта е ’нсувæр Филипп, æма е еуцæйбæрцæдæр зонгæ адтæй социалистон литератури хæццæ, хæстæг лæудтæй Гурдзий социал-демократон æзмæлдмæ.

(Амæй идарддæр дæр цитатитæ хæсдзинан Тæкъоти Симони аци кустæй. Автор.)

Æ зундирахасти ин революцион гъудитæ æрфедар унæн фæййагъаз æнцæ, Ташкентмæ æрвист революционерти хæццæ ке æмбалдæй, е, уæлдайдæр ба социал-демократ, марксист Шендриков. Ами Симон æхе хæстæг ласта, гимназий хестæр къласи ахурдзаутæй революцион зундирахаст кæмæ адтæй, уонæмæ, уонæй дæр еуæй-еуетæмæ. Етæ ин сосæггай кæсунмæ лæвардтонцæ революцион литературæ.

Фал ин уæддæр еугуремæй хъæбæрдæр фæййагъаз æнцæ Ташкенти раззагдæр косгутæ. Уони хæццæ базонгæ ’й Кокити Савви фæрци. Саввæ æма Симон еу гъæуæй адтæнцæ. Саввæ адтæй Хетæгкати Къостай хуарз æрдхуард. Ташкентмæ ба æрвист æрцудæй Дзæуæгигъæуи Ольгинскийи силгоймæгти скъола исæхгæнуни туххæй Терки облæсти хецау инæлар Каханови унаффи нихмæ Къостай хæццæ карзæй ке æрлæудтæй, уой туххæй. Симон косгути хæццæ ахид ке дзубанди кодта, е фæййагъаз æй, сæ тох цæбæл æй, уой арфдæр балæдæрунæн.

Тæкъоти Симон 1902 анзи бацудæй Уæрæсей косгути социал-демократон партий (УКСДП-ий) рæнгъитæмæ. Еци анзи июни кæрони исуæгъдæ ’й æфсæддон службæй æма æрæздахтæй Цæгат Иристонмæ. Ами уайтæккæдæр æхе исбаста, Дзæуæгигъæуи æма Иристони устур гъæути (Киристонгъæуи, Алагири, Бæтæхъойгъæуи, Ольгинскийи, Æрæдони æма æндæр рауæнти) ци революцион къуæрттæ адтæй, уони хæццæ.

Симон 1902 анзи сентябри нæуæгæй ахур кæнун райдæдта Мæскуй университети. Уоми никки хъæбæрдæр исфедар æй æ революцион зундирахаст. *«Ами æз уайтæккæдæр бахаудтæн студентти сосæг къуæрттæмæ, – финста Симон, – ахур си кодтан политикон партити программитæ... Анзи дæргъи æз арфдæр ахур кодтон марксистон зонундзийнæдтæ».* Къуари ма адтæнцæ Хъесати Геуæрги. Цæликкати Ахмæт (фæстæдæр Ахмæт гадзирахаттæй рацудæй революцибæл), Хъанухъуати Хаджиморат, стъараполаг студенттæ æма ма цалдæр адæймаги Уæрæсей æндæр сахартæй.

Симон 1903 анзи сæрди, каникулти дзамани иссудæй Киристонгъæумæ. Уæдмæ ами адтæй федар революцион къуар. Каникулти рæстæги Симон революцион куст кодта айдагъ Киристонгъæуи фæллойнæгæнгути хæццæ нæ, фал Терки облæсти хуæнхаг адæми, уæдта хъазахъæгти æма Дзæуæгигъæуи косгути ’хсæн дæр. Симон сосæггай зилдæй гъæутæбæл æма Дзæуæгигъæуи округи станцитæбæл. Дзæуæгигъæуи фæллойнæгæнгути ’хсæн парахат кодта социал-демократон къуæртти прокламацитæ, уæхæн куст æнхæст кæнунмæ ма худта сахарти скъолати хестæр кълæсти ахурдзаути дæр.

Симони архайди фæрци ма революцион къуæрттæ уæд арæзт æрцудæй Заманхъули, Хумæллæги, Елхотти, Алагири, Æрæдони, Хедигъоси, Нæуæггъæуи, Дæллаггъæуи, уæдта станицитæ Змейки æма Николаевскийи. Уæлдай устурдæр къуар исаразун ин бантæстæй Бæтæхъойгъæуи – адтæй си дæс æма æртинсæй адæймагей бæрцæ. Æ исаразгутæй еу адтæй ахургæнæг Собити А.

Алагири къуар исаразта Саухалти Х., кæций Симон нимадта «Иристони тæккæ активондæр революционертæй еуебæл».

Тæкъой-фурт Иристонмæ иссудæй 1905 анзи райдайæни æма уæд уайтæккæдæр райдæдта революцион куст кæнун.

Революцийæн æ тæккæ райдайæнæй фæстæмæ революцион куст рахизтæй къуæртти арæнтæй. Киристонгъæуи зæнхкосгутæ 1905 анзи ци исистад исаразтонцæ, уой кой кæнгæй, Симон финста: *«Хецаудзийнадæ адтæй мах къохти. Нæ къуæрттæ аллибон дæр Дигори ихалдтонцæ баделиати зæнхгинти «бартæ». Баделиатæ æмрезæгæй ризтæнцæ, хъæбæрдæр ба уомæн, æма Дигори ци аграрон æзмæлд рапарахат æй, уомæн агъаз кæнун райдæдтонцæ Иристони иннæ гъæутæ дæр. Зæгъæн, Æрæдони цæргутæ, Насхъидати Сослæнбег сæ сæргъи, уотемæй сурх турусати хæццæ рацудæнцæ Дигори адæмæн, помещикти гъæдæ ка цагъта, уонæн агъаз кæнунмæ».*

УКСДП-й Центрон Комитети амундмæ гæсгæ 1905 анзи сæрди гæрзефтонг исистадмæ цæттæ кæнуни рæстæг Тæкъоти Симон устур куст бакодта Георгиевскийи тугъдон скъладæй хуæцæнгæрзтæ æма гилдзитæ исамал кæнунбæл Апшерони полкки, уæдта бæхгин ирон дивизиони æфсæддонти хæццæ, уæдта ма Ростови исистад цæттæгæнæг комитети хæццæ æма гъуддагбæл архайгути хæццæ бастдзийнадæ исаразунбæл. Еумæйаг исистадмæ сæхе кæд хъæбæр цæттæ кодтонцæ, уæддæр си неци рауадæй.

Симон æхе байауон кодта паддзахи куйсортæй. Цæйбæрцæдæр рæстæг æхе римахста Дзæуæгигъæуи, Киристонгъæуи, Даргъ-Къохи дæр, фæстæдæр ба рандæй Сибирмæ. Цалдæр мæйей дæргъи æхе римахста Маньчжурий станци Тобойти Александрмæ, фал æй уоми дæр агорун райдæдтонцæ æма, уой ку базудта, уæд рандæй Владивостокмæ. Ами еу минкъий ракуста Сучански æфсæнвæндæгтæбæл, уæдта 1906 анзи фæззæги Мæскумæ æрбацудæй.

Дзæуæгигъæумæ Симон исæздахтæй 1907 анзи æма майи мæйæй декабри уæнгæ куста тæрхондони лæгæн агъазгæнæгæй. Еци бунати косгæй, берæ революционертæн фæййагъаз кодта Симон тæрхонæй сæ фæййервæзун кæнуни гъуддаги. Уæдмæ Дзæуæгигъæуи революцион организацитæ еугурæй дæр дæрæнгонд æрцудæнцæ, революционертæй ма сæрæгас ка байзадæй, уонæй ба беретæ Терки крайæй рандæнцæ.

Еци уавæри дæр Симон УКСДП-й Терк-Дагестани комитети нæуæг иуонгти хæццæ еумæ райдæдта революцион куст кæнун. Æхе исбаста Пятигорски æма Грознай социал-демократон

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, сахартæ Сталингради æма Хайлегинштадти (Германий) кадгин гражданин, инæлар-майор Дзилихти Бабуй фурт Михаил райгурдбæл 20 майи исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-1984).**

организацити хæццæ. Зæрдиагæй архайдта къуæртти куст нæуæгæй сæ къæхтæбæл ислæуун кæнунбæл. Беретæ си архайун райдæдтонцæ куд Дзæуæгигъæуи, уотæ Иристони еуцалдæр гъæуеми дæр.

Уæдмæ уотæ рауадæй, æма 1907 анзи декабри Симони æрахæстонцæ æма 'й бакодтонцæ Дзæуæгигъæуи ахæстдони, уæдта 'й 1908 анзи майи рарвистонцæ Оренбургмæ, уордигæй ба Владивостокмæ. Уоми фæцæй 1910 анзи мартъий уæнгæ. Дзæуæгигъæумæ исæздæхгæй бабæй райдæдта сосæг революцион куст кæнун.

Еци рæстæги туххæй Симон æхуæдæг уотæ имиста: *«1910-1914-аг æнзти адтан æнæхъаурæ паддзахи хецаудзийнади нихмæ тохи. Хецæн бунæттæ кæрæдзей хæццæ баст нæ адтæнцæ. Революционертæн æнæсцохæй тæрхон кодтонцæ тугъдон тæрхондæнтти æма тæрхондони палати. Адæм сæхемæ игъосунбæл фæцæнцæ. Мах кодтан уæлæнгай, листæг революцион куст. Бафæлладан. Ме 'мбæлтти хæццæ мах кустан нæ адæми 'хсæн, уомæн æма сæ сæ къохтæмæ æрбайстонцæ национал-либералтæ. Мах нæхемæ райстан ирон рауагъдади æхсæнади правлени æма æ алливарс æрбатумбул ан. Бавзурстан газет «Владикавказский листок» уадзун, фал си неци рауадæй. Зудтан, фæллойнæгæнæг адæм нæ фарс ке 'нцæ, фал политикон уавæри аккаг лозунг нæ ирдтан. Мах зудтан, революцион æзмæлд, косæг къласи медæгæ ке тухгин кæнуй, уой, фал махмæ косгутæ æгæр минкъий адтæй…»*

## 2-АГ ХАЙ

Феврали революци ку æрцудæй, уæд ма Тæкъоти Симон адтæй паддзахи æфсади, фал æй уæддæр Иристони адæм равзурстонцæ Дзæуæгигъæуи округи «Граждайнаг æнхæстгæнæг комитет»-и сæрдарæй. Комитет официалон æгъдауæй адтæй буржуазон Рæстæгмæ хецауади оргæн. Еци бунат байахæста 1917 анзи майи, æфсадæй ку исуæгъдæ 'й, уæд. Еци рæстæги ма фæззиндтæй «Еугонд хуæнхаг адæми цæдес»-и буржуазон-националистон Центрон Комитет. Уордæмæ бацудæнцæ хуæнхаг адæмти гъæздугути, буржуазий æма афицерти минæвæрттæ. «Цæдеси» адтæнцæ пусулмон динбæл федар хуæст æма Турки 'рдæмæ æздæхт зундирахастбæл. «Цæдеси» Центрон Комитет æ къохтæмæ æрбайста, уæд ка исæвзурдæй, Цæгат Кавкази адæмти еци «националон советти» сæ еугурей дæр, Иристони адæми советæй фæстæмæ.

*«Национ округути комитеттæ сæ еугур дæр, – финста Тæкъоти Симон, – æнæуæлдай дзубандийæй æнхæст кодтонцæ Хуæнхаг адæми центрон комитети амунддзийнæдтæ, Иристони комитетбæл райдæдтонцæ æмпурститæ аразун. Фал, уæддæр сæ бардзурдтæй еу дæр мах æнхæст нæ кодтан. Араббаг æвзагбæл финстæй нæмæ ци гæгъæдитæ æрæрвистонцæ, уони мах æвæстеуатæй нискъудтæ кодтан нæ косгути цæстити рази...»*

Округи комитети иуонгтæй æртæ адтæнцæ, *«Хуæнхаг адæми цæдеси» фарс ка адтæй, Иристони националистон интеллигенций минæвæрттæ сæ армæ кæбæл дардтонцæ, уæхæнттæ. «Фал æз комитети сæрдар ке адтæн, – финсуй Симон идарддæр, – уой фæрци нæ бон адтæй нæхе фæндæ кæнун. Мах ба уобæл архайдтан, цæмæй Иристони адæм фæййервæзун кæнæн контрреволюций дзæмбутæй æма сæ æрбатумугъ кæнæн косгути æма æфсæддон депутатти Советти алфамбулай...»*

Тæкъоти Симон адтæй, «Иристон хуæнхаг цæдеси хæццæ» байеу кæнуни нихмæ карз тох ка кодта, уонæй еу. Кæд Тæкъой-фурт æма е 'мзæрдиуонтæ (Гарданти Михал, Гæдиати Цомахъ æма иннетæ) бацудæнцæ Рæстæгмæ хецауади оргæни косунмæ, уæддæр большевиктæ пайда кодтонцæ, етæ хуæнхаг-хъазахъаг реакций нихмæ ке тох кодтонцæ, уомæй, æма сæ 'здахтонцæ сæхердæмæ...

Тæкъоти Симон хъæбæр агъаз кодта «Революцион-демократон парти «Кермен» аразгутæн, уæдта партийæн æхецæн дæр æ революцион куст парахат кæнуни дзамани. «Хуæнхаг хецауади» позицитæ рæстæгмæ ке фæффедар æнцæ, уой кой кæнгæй, Симон зæрдигъæлдзæгæй уотæ дзурдта: *«Фал мах тухтæ дæр фулдæр кодтонцæ. «Кермени» парти кодта бонæй-бонмæ федардæр. Парахат кодта æ организацион куст гъæути. Минкъий къуæрттæ ин адтæй ирон тугъдон хæйтти дæр».*

Тæкъой-фурт, кæд большевикти партий рæнгъити нæма адтæй, уæддæр æнгон баст адтæй Терки облæсти большевикти разамонгути хæццæ – Сергей Кирови, Мамия Орахелашвилий, Юрий Фигатнери, Мамсурати Сахангерийи, Ной Буачидзей хæццæ, Рæмонти Евгений, Яков Маркуси, Цæголти Геуæргий, Шакро Палавандашвилий æма иннæти хæццæ.

1917 анзи 30 декабри афицерти бандæ ниддæрæн кодта Дзæуæгигъæуи косгути æма æфсæддон депутатти Совет æма ин æрахæста æ разамонгути: М. Орахелашвили, Н. Буачидзе æма иннети. Ахæст æмбæлтти исуæгъдæ кæнунбæл тагъд æма æхсаргинæй ка архайдта, уонæй еу адтæй Тæкъоти Симон дæр. Иннæ революционерти хæццæ е еци æхсæвæ фæдеси ракодта керменистти æма Ирон бæхгин полкки æфсæддонти, æма исуæгъдæ кодтонцæ ахæст æмбæлтти.

Рæстæгмæ Дзæуæгигъæуи ка фæуууæлахез æй, еци контрреволюцион къуæрттæ ниддæрæн кæнуни туххæй большевиктæ цæттæ кодтонцæ сæ тухтæ. Зæрдиагæй сæ хæццæ архайдта Симон дæр. Киристонгъæуи е Къесати Хъæлæмурзи æма иннети хæццæ керменисттæй исаразта отряд 500 адæймагемæй æма сæ искодта Дзæуæгигъæумæ. Отряд бæлвурд агъаз фæцæй, контрреволюцион «Хуæнхаг хецауадæ» Дзæуæгигъæуи 1918 анзи январи зин бæнтти адæмихæттити 'хсæн ци тугъдон арт бандзарунмæ гъавта, е цæмæй урух ма фæххæлеу уа, уомæн.

Аци гъуддаги уæлдай устур агъаз фæцæй Терки облæсти адæмти съезд. Е байгон æй Мæздæги. Хъазахъи гъæздугутæ æма реакцион афицертæ гъавтонцæ Цæцæн æма Мæхъæли нихмæ æргом тугъд разгелуни туххæй съездæй испайда кæнунмæ. Фал сæ фæндитæй неци рауадæй. Съезд рандæй «социалистон блоки» фæдбæл. Блокæн разамунд лæвардтонцæ большевиктæ, сæ сæргъи Киров æма Буачидзе, уотемæй. Съезди Симон большевикти хæццæ еумæ арæхстгинæй архайдта хъазахъаг контрреволюций фудвæндтæ хормæ рахæссунбæл æма фæллойнæгæнæг хъазахъæгти æма хуæнхаг фæллойнæгæнæг адæми кæрæдземæ æрхæстæг кæнунбæл.

Никки зæрдиагдæрæй Симон архайдта Терки облæсти адæмти II съезди, Пятигорски ка байгон æй, уоми. Съезди унаффитæн адтæй устур ахедундзийнадæ. Съезд куд банимадта, уотемæй Терки облæсти æрфедар æй адæмон, æцæгæй ба советон, хецаудзийнадæ Терки облæстæн æхе ба исхудта автономон республикæ Уæрæсей Федераций медæгæ.

Уæхæн унаффæ рахæссуни размæ С.М. Киров, Н. Буачидзе æма Ф. Фигатнер уотæ бафæдзахстонцæ Тæкъоти Симонæн, Гасити Андрей æма æндæртæн: куддæр большевиктæ радзоронцæ УСФСР-и Адæмон Комиссарти Совети хецаудзийнади дæлбазурмæ бацæуни фарс, уотæ етæ гъæуама æвæстеуатæй радзоронцæ еци фæндони сæрбæл. Симон съездæн сæрдареуæг кодта æма æ еци уавæрæй хъæбæр арæхстгинæй испайда кодта большевикти фæдзæхст исæнхæст кæнуни туххæй. Ефстæгтæй фæстæмæ делегаттæ сæ еугурдæр исгъæлæс кодтонцæ большевикти еци фæндонбæл.

Тæкъой-фурти бахаст фæндонмæ гæсгæ съезд баунаффæ кодта, цæмæй Дзæуæгигъæуи æма иннæ сахарти сæ гæрзтæ ист æрцæуонцæ афицертæ æма студентти отрядтæн. Уой туххæй Симон тел равардта Дзæуæгигъæумæ æма уой фæсте революцион тухтæ фæннифсгундæр æнцæ еци бандити нихмæ тохи.

Съезд æ куст райдæдта Дзæуæгигъæуи 1918 анзи 5 мартъий. Равзурста уæлдæр хецаудзийнади оргæн – Терки республики Адæмон Совет. Уой сæрдари хуæдæййевæгæй æвзурст æрцудæй Тæкъоти Симон.

Хуæнхаг адæмти 'хсæн 1918 анзи уалдзæги цудæй урух пропагандæ Турки хæццæ бахæстæг кæнуни туххæй. Еци реакцион пропагандæ парахат кодтонцæ Цæликкати Ахмæт æма æндæртæ. Симон карзæй æрлæудтæй еци пропаганди нихмæ, хуæнхаг адæмæн дзурдта, цæмæй цæдес аразонцæ уруссаг пролетариати хæццæ, уруссаг адæми хæццæ. Аци гъуддаги Симон æмзундæй архайдта Б. Калмыков, Н. Катханов Т., Эльдерханов, А. Шарипов æма хуæнхаг адæмти иннæ разамонгути хæццæ.

Симон хъæбæр хуарз зудта айдагъ еци дзамани сæйрагдæр фарстатæ нæ, фал хуæнхаг адæм исонибони циуавæр надбæл рацæудзæнæнцæ, уой дæр. Æма еци зонундзийнæдтæ хъæбæр хуарз равдиста Терки республики адæмти III съезди. Съезд адтæй Грознай æма бабæй си сæрдареуæг кодта Тæкъой-фурт. Е æ уодæй, уод кодта, цæмæй дзубанди ци фарстатæбæл цудæй, уони фæдбæл большевикон унаффитæ хаст æрцудайдæ, уобæл. Пятигорски съезди хузæн Грознай съезд дæр цудæй большевикти разамундæй æма æ куст фæцæй æнтæстгинæй.

Уомæ гæсгæ сæмæ сæ нихмæлæугутæ куд нæ тингун кодтайуонцæ. Æма 1918 анзи сæрди райдайæнмæ сæ сæр исхъел кодтонцæ контрреволюцион афицертæ, бавналдтонцæ антисоветон куст кæнунмæ. Дзæуæгигъæуи æма Иристони еци рæстæги афицертæ адтæй æртæ миней бæрцæ. Иристони медæгæ цума уавæри хецау етæ адтæнцæ, сæхе уотæ дардтонцæ. Гъудæй революцион тухтæ никки хъæбæрдæр æрфедар кæнун, сæ разамунд син фæттухгиндæр кæнун.



ТÆКЪОТИ Симон номдзуд Семен БУДЕННЫЙИ хæццæ.

Æма 1918 анзи июни Дигори арæзт æрцудæй УКП(б) – «Кермен»-и Иристони организаций Тугъдон-Революцион совет. Æвзурст имæ æрцудæнцæ: Цæголти Геуæрги (сæрдар), Тæкъоти Симон, Гасити Андрей, Ботъоти Амурхан ( штаби хецау), Золойти Микъала, Æбати Шамил, Тæкъоти Даукуй æма Елбайти Дзандар. Симони агъазæй арæзт æрцудæй партион организаций федар æнцойнæ – революцион тухти отряд 300 адæймагемæй, æ командир Тауасити Сослæнбег. Назир Катханови курдиадæмæ гæсгæ Кæсæги революцион тухтæй керменистти отряди хузæн тугъдон отрядтæ исаразунæн ка фæййагъаз кодта, уонæй еу адтæй Тæкъой-фурт дæр.

Терки республики адæмти IV съездæн тæссаг адтæй, контрреволюционертæ имæ ку бампурсонцæ, уомæй. Республики Адæмон Комиссарти Совет ракурдта Дигори Тугъдон-Революцион советæй, цæмæй исæрвистайдæ керменистти отряд съезд гъæуай кæнуни туххæй. Курдиадæ исæнхæст кæнунæн Симон Бутати Хъазбег, Цæголти Геуæрги æма æндæрти хæццæ еу бони æмгъудмæ рарвистонцæ отряд 120 керменистæй, сæ сæргъи Къесати Хъæлæмурзæ, уотемæй. Еци отряд Сурх Æфсади хæйтти хæццæ, Дзæуæгигъæуи æма Грознай косгути хæццæ, отрядти хæццæ, гурдзиаг большевикти отряди хæццæ еумæ бæгъатæр тох кодта Соколови æма Къибири-фурти уорсгвардионти къуæртти нихмæ Дзæуæгигъæуи 1918 анзи августи уæззау бонти.

Серго Орджоникидзе Дзæуæгигъæумæ ку иссудæй куд Уæрæсей Хонсари комиссар, уæд Симон косун райдæдта уой амундмæ гæсгæ. Орджоникидзе устур аргъ кодта Симонæн, Иристони рауонциуондæр сæргълæугутæй сæ еу ке адтæй, уой туххæй.

1918 анзи ноябри кæрони адтæй Терки бæсти адæмти V съезд. Иристони делегаций хæццæ уоми архайдта Симон дæр. Съездæн разамунд лæвардта Серго Орджоникидзе. Уæдмæ контрреволюцион тухтæ дæрæнгонд æрцудæнцæ Терки республики. «Съезди делегаттæн сæ фулдæр хай исгъæлæс кодтонцæ коммунистон фракций фарс», – игъæлдзæгæй дзурдта Симон.

Еци рæстæги бунæтти медæгæ хецаудзийнади оргæнтæ нæбал адтæй. Фехалдæнцæ контрреволюций нихмæ тох кæнуни дзамани. Уомæ гæсгæ Симон съезди размæ æрæвардта округти ревкомтæ исаразуни фарста. Съезд исарази æй еци фæндонбæл. УКП(б)-ий «Кермен»-и Цæгат Иристони Центрон Комитет исаразта Цæгат Иристони округи ревком. Еци рæстæги ма арæзт æрцудæй УКП (б)-ий Цæгат Кавкази хуæнхон организаци, æма УКП(б)-ий «Кермен»-и Цæгат Иристони округи организаци æнæгъæнæй бацудæй уордæмæ. Уой рæнгъитæмæ бацудæнцæ хецæн коммунисттæ дæр – мæхъæлæнттæ, кæсгæнттæ, цæцæйнæгтæ, балхъайрæгтæ æма æндæртæ.

8

***Нæ мадтæлон æвзаг æма литератури Бони фæдбæл Лескени гъæууон киунугæдони арæзт æрцудæй хъæбæр зæрдæмæдзæугæ бæрæгбони мадзал. Адæм уæлдай æхцæуæнæй бацийнæ кодтонцæ æригон поэт Цæукъати Алинæбæл, е бакастæй нæ мадтæлон æвзаги, нæ национ културi, нæ æрдзи алæмæтдзийнади туххæй æхе финст æмдзæвгитæ.***


Мадзали архайгутæ.


Чиколай культури Галауани æригон музыканттæ.

# «НИФС, ЛÆГДЗИЙНАДÆ УАРЗЕТÆ, СКÆНТÆ МУГГАГМÆ СТУР НОМ…»

Бæрæгбон æнæгъæнæйдæр рацудæй Галауани урух тургъи, Къоста æма Геуæргийæн си фæрсæй-фарсмæ ци цитрдзæвæнтæ æвæрд ес, уони рази. Æ райдайæни æригон архайгутæ æма иуазгутæ исæвардтонцæ деденгутæ Къоста æма Геуæргий циртдзæвæнтæбæл. Уой фæсте ба райдæдта литературон-музыкалон равдист, кæци рауадæй гъæздуг æма медесгун. Дзубанди си цудæй нæ национ бæрæгбони нисанеуæги ахсгиагдзийнади туххæй. Райгъустæнцæ си нæ номдзуд поэтти æмдзæвгитæ, уæдта аллихузон музыкалон уадзимистæ дæр. Уоми хъæбæр искурдиадæгинæй сæхе бавдистонцæ Чиколай культури Галауани театралон къуари æригон архайгутæ, гъæуи скъолати ахурдзаутæ. Зæрдæмæдзæугæ рауадæй сувæллæнтти театралон студи «Саби»-йи разамонæг Пъинти-Малити Фатими радзубанди дæр. Е бакастæй, æ номдзуд æрвадæ Малити Геуæргий кадæн ци номерæн æмдзæвгæ ниффинста, уой.

Аци литературон-музыкалон равдисти ка архайдта, уæдта сæмæ ка кастæй, уонæн уæлдай зæрдæхцæуæн е адтæй, æма еума хатт си баруагæс æй нæ мадтæлон æвзаги æвæдуйгæ цитгиндзийнадæ.

Бæрæгбони мадзал исарæзун бантæстæй, ку зæгъæн, æ архайгути зæрдиаг фæллойни фæрци, уæлдайдæр ба Цæрикъати Рими разæнгардгæнæг хъæппæреси фæрци. Уомæ гæсгæ ма нæ уой дæр зæгъун фæндуй, æма Рими æвæллайгæ архайд нæ адæми уодварнон хæзнадзийнадæ багъæуай кæнуни æма æ ирддæрæй райрæзти сæрбæлтау еухаттон мадзæлттæ аразунæй нæ райевгъуйуй. Нæ мадтæлон дигорон æвзаг багъæуай кæнун æма ’й парахат кæнуни гъуддаги æновуддæр архайгутæн дæр æй сæ фиццæгтæй. Режиссер еудадзугдæр аразуй тематикон мадзæлттæ æма зæрдиаг дзубандитæ æ райгурæн Ирæфи райони кæстæр фæлтæрæн, æвзурун сæмæ кæнуй мадтæлон æвзаг уарзуни æма ибæл æновуд уни тулавастдзийнадæ. Цæрикъати Рими хузæн энтузиасти фæрци дигорон æвзаг изæлуй сценæбæл, цардгъон кæнуй артистти нæуæг фæлтæрти исфæлдистади æма уотемæй дæр гъæуайгонд цæуй, куд аргъ кæмæн нæййес, уæхæн културон хæзна.

Чиколай гъæуи бæрæгбон ма нæ никкидæр еума хатт баууæндун кодта, цалинмæ сабийтæ кæсунцæ номдзуд Къоста æма Геуæргий æмдзæвгитæ, цалинмæ ма арæзт цæунцæ ауæхæн медесгун бæрæгбæнттæ, уæдмæ цæрунгъон уодзæнæй нæ мадтæлон æвзаг – нæ устур хæзнати агъазиаудæр хæзна, кæций мах гъæуама имонау кæнæн абони, багъæуай æй кæнæн исонибони фæлтæртæн.

Æма мæнæ ци мадзали фæдбæл æй нæ дзубанди, уой ахедундзийнадæ берæ ахсгиаг гъуддæгутæй агъазиау æй. Фиццагидæр, тæккæ зæрдиагдæрæй архайгутæ си кæстæртæ ке иссæнцæ, уомæй.

Баруагæс уи уæд, уотемæй æхцулæйæхцулдæр кæндзæнæнцæ нæ мадтæлон æвзагбæл, зæрдтагон син уодзæнæй сæ цæргæ-цæрæнбæнтти. Уомæй син бафæнзуйнаг уодзæнæй Малити Геуæрги дæр æма нæ иннæ номдзуд рохситаугутæ дæр. Уонæн дæр, мадтæлон æвзаг син табугонд ке иссæй сæ сабийдоги, уомæ гæсгæ ибæл æновуд адтæнцæ, æвæллайгæй хъазауат кодтонцæ æ сæрбæлтау.

Уой фæдбæл æрхæсдзæнæн еу дæнцæ. Нæ номдзуд ахургонд æма æхсæнадон архайæг Дзагурти Губади куд имиста, уотемæй сæмæ Малити Геуæргий хæццæ се ’хсæн берæ хæттити рауайидæ дзубанди нæ мадтæлон æвзаги туххæй. Уæлдай цæстиварди сæмæ уидæ Хетæгкати Къостай «Ирон фæндыр». Уордигæй ба рахезиуонцæ дигорон æвзагмæ: «Никки ба ма 1902-1903-аг æнзти мухури фæззиндтæнцæ Гурджибети Блашкай уадзимистæ: «Сахи рæсугъд», «Дигорон уаджимистæ» æма «Æдули». Дигоронау ни ка хуæздæр дзоруй, ка ни фулдæр дзурдтæ зонуй, зæгъгæ, исбуцæутæ уийанæ, æма мæ кæддæриддæр рамолидæ Геуæрги. Уæхæн дзурдтæ ранимайидæ, æма мах сæ фулдæрей гъуди лæдæргæ дæр нæ кодтан. Еци дзубандий нихидзиуарæ рахаста æ райгурæн хуæнхаг гъæуæй, æ адæми æвзаг æма исфæлдистадæй, æ мади æхсири хæццæ, æ дзурдарæхстæй не ’хсæн каргун адæймаги хузæн бæрæг дардта, æма ин устур аргъ кодтан…»

Еци гъуддаг æримисгæй, Губади хъæбæр бахъонц кодта: «Гъе, фал, устур гъулæггагæн, еци фидтæлтиккон дзурдтæй берети феронх кодтан, дзурдуæттæмæ дæр нæ бахаудтæнцæ…»

Æма еци уавæр цæмæй исраст кæнæн, уомæн ба, баруагæс уи уæд, ахедгæ фæрæзнæ ’нцæ, мæнæ Чиколай ци литературон-музыкалон бæрæгбон арæзт æрцудæй, уæхæн мадзæлттæ, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæрти разæнгард кæнуни нисанеуæгæй. Уонæн адтæй Малити Геуæргийæн æ фæдзæхст дæр:

*Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æнгом,*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном.*

*Арвмæ мæсуг амайетæ,*
*Хормæ скæнетæ фæндаг,*
*Гъæйт, зæрдиуагæй уайетæ,*
*Догъи ма уотæ фæстаг!*

*Тари цæфсæд сæребарæ,*
*Мегъи сорæд æ тунтæй,*
*Цард мабал уæд гъезæмарæ,*
*Зæнхæ райзол уæд рунтæй.*

*Рохсмæ фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æнгом,*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном.*

Малити Геуæргий аци æмдзæвгæ («Федог») æримисгæй, уой зæгъуйнаг ан, æма нæ зæрдæ дарæн, æ аци фæдзæхст нæ кæстæртæн еугуремæн дæр тæходуйаг уодзæнæй, сæ удигъæди ахсгиагдæр менеугутæй еу исуодзæнæй, æновудæй æй æнхæст кæндзæнæнцæ, сæ фæрци нæ мадтæлон æвзаг дæр царддгъон уодзæнæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ…


ЦÆРИКЪАТИ Римæ






***КУЦУКТИ Регинæ,***
***Ирæфи райони культури кустуати бæрнон косæг.***

# РАЙДЗАСТХÆССÆГ ÆМА НИФСДÆТТÆГ БÆРÆГБОН





Хъурмантæн сæ нисанеуæг æма сæ медес ци 'й, уобæл дзоргæй æнæмæнгæ зонун гъæуй, кæд æма кутемæй фæззиндтæй аци бæрæгбон, уой. Æ райгурци бундор æй хъæбæр идард евгъуд дзаманти, Хуцауæй æрвист лæгтæй еу, Ибрахими (Авраами) пахампардзийнади доги.

Цæветтонгæ, нæ Исфæлдесæг Ибрагимæй куд байагурдта, уомæ гæсгæ нивондæн гъæуама æрхастайдæ æ хестæр фурт Исмаили, кæци ин райгурдæй æ уосæ Хаджарæй. Игургæ ба ракодта æдзæрæг рауæни, æма мæгур силгоймаг ци рауæни равзурдæй, уоми уавæртæ уоййасæбæл æдзæллаг адтæнцæ, æма мадæ æ дзедзедай сувæллони хæццæ фуртухстæй ма ци кодтайдæ, уой нæбал зудта. Мæ минкъий фуртæн уæддæр дони хъурт иссерон, зæгъгæ, силгоймаг, кæд хъæбæр исæнæхъаурæ æй, уæддæр Сафа æма Марва, зæгъгæ, еци уобæутти рæбунти авд хатти ку æррауайæ-бауайæ кодта, уæд æнай-æнойти рауидта: æ сувæллон кæми ниууагъта, уоми уой хуæрзрæбун зæнхæй ниццавта сауæдонæ – кæций исхондзæнæнцæ Зæмзæм. Е дессаг куд нæ адтайдæ!.. Иннæ дессаг ба, е æй, æма, Зæмзæми дон разиндтæй уоди хуасæ: адæймаг си æфсес балæдæруй хуæруйнагæй æфсеси хузæн, агъаз кæнуй берæ аллихузон нестæй исдзæбæх унæн.

Исмаил ку райрæзтæй, уæд Ибрахим æ фуни фæууидта, Хуцау си ке домуй, цæмæй æ фурт Исмаили нивондæн æрхæсса. Фидæ куд нæ батухстайдæ: æнгъæл берæ кæмæ фæккастæй, берæ ке уарзта, æ еци фиццаг фурти 'й багъудæй нивондæн æрхæссун... Фурт æ фиди тухст куд нæ балæдæрдтайдæ æма, унаффæ рахæссун ин цæмæй фенцондæр адтайдæ, уомæ гæсгæ ин уотæ загъта:

– Хуцауи фæндæ куд æй, уотæ 'й бакæнæ…

Хуцауи размæ æргомзæрдæ æма коммæгæс уогæй, Исмаил æхуæдæг дæр æма æ фидæ дæр уобæл исарази 'нцæ. «Æма сæ дууæ дæр ку исарази æнцæ æма е ку æрæвардта (æ фурти) æ фарсбæл, уæд Мах имæ исдзурдтан...» (сурæ 37 «Æмрæнгъитæ ислæугæй», аят 104).

Еци лæгæвзарæнæн Ибрагим æма Исмаил ке бафæразтонцæ, æцæгæй æуувæнкгун ке разиндтæнцæ, уомæ гæсгæ Хуцау æ раздæри фæндæ раййивта æма фидæн барæ равардта, цæмæй æ фурти бæсти нивондæн æрхæсса фус. Уомæ гæсгæ нивондхæссуйнади Бон нимад цæуй куд Хуцауи æцæгæй нимайундзийнади, уомæн табу кæнуни нисанеуæги бон. Цитгин Хъурани загъд ес: «Ковæ дæ Хуцаумæ (бæрæгбони намаз кæнгæй) æма æрхæссæ нивонд (нивондаг)».

Бæрæгбон бæрæг кæнун райдайунцæ сæумæраги. Пусулмæнттæ, сæ бауæр æнæгъæнæй дæр искæдзос кæнгæй, нæуæг кенæ федауцæ дарæс искæнгæй, рараст унцæ мæзгитмæ æма уоми еумæйагæй намаз кæнунцæ, кæсунцæ Хъуран, игъосунцæ имам-хатиби динамундтитæмæ (хутбу), кæцитими кадæ кæнунцæ Хуцауæн, дзубанди си фæццæуй нивондæрхæссуйнади æгъдауи равзурд æма уой ахедундзийнади туххæй. Дзубанди ма си фæццæуй, цæмæй алли адæймаг дæр архайа, зæнхæбæл царди сабурдзийнадæ æма хæлардзийнадæ, кæрæдзей нимайун æма уарзундзийнадæ ниффедар кæнунбæл.

Бæрæгбони намази фæсте райдайунцæ нивондæрхæссуйнади æгъдау æнхæст кæнун. Уотæ нимад цæуй, æма нивондæн ци фиртон æрхæссунцæ, е фæййагъаз кæндзæнæй зиндони дæлзæнхи сæрти сæригъуни хузæн листæг æма хъæмай хузæн циргъ ци хед Сират æвæрд ес, уобæл дзенетмæ бацæуунæн. Хъиамæти бони хед Сиратбæл бахезæни лæудзæнæнцæ нивондæн ци фиртонтæ хаст æрцудæнцæ Хъурман-байрами рæстæг, етæ æма еци хедбæл бацæуугутæй алкедæр си æнцонæй базондзæнæй æ хъурмайнаг.

Уотæ нимад цæуй, æма фагæ 'й, еу адæймаг кенæ нивондæн ку æрхæсса фус, кенæ сæгъæ. Уотæ дæр æнгъезуй, æма авд пусулмон лæги кенæ авд бийнонти, еумæ бадзубанди кæнгæй, нивондæн æрхæссунцæ еу фиртон, фид се 'хсæн æмдех ракæнунцæ, æма е дæр нимад æй æнхæстгонд æгъдаубæл. Нивондаг æнгъезуй сæрмагондæй Хъурмантæмæ исхæссун, кенæ ба 'й ескæмæй балхæнун.

Хъурмайнаг косæрттагæн бæззуй анзæй фулдæр кæбæл цæуй, уæхæн фус кенæ сæгъæ. Сторвонс ба, дууæ анземæй минкъийдæр кæбæл нæ цæуа, уæхæн. Хъурмайнаг косæрттагæн нæ бæззуй, ести сахъат кæмæ уа, æ иуæнгтæй ескæци лух кæмæн уа, ести незæй сæйгæ, кенæ ба фудхуз ка уа, уæхæн фонс. Нæ бæззуй хъæрæу, къулух, дæндæгутæ кæбæл нæ уа, æ еу гъосæн, æ къæдзелæн кенæ цæстæн æ фулдæр хай кæмæн нæ уа, уæхæн фонс дæр.

Косарт кæнгæй хъурмайнаги тог рауадзуни хуæдразмæ гъæуй зæгъун сæрмагонд ду'а: «БисмиЛляхи Аллаху Акбар» («Еунæг Хуцауи сæрбæлтау, Еунæг Хуцауи номæй бæрзонддæр неци ес...») Æвгæрдун ба гъæуй дзæбæх циргъ кардæй, цæмæй фонс гъезæмарæ ма кæна, уæдта косартгæнæг ци хъурмайнаг æвгæрда, е ин гъæуама кард æ къохи æгириддæр ма фæууина, уæдта косартгæнæгæн агъаз ка кæна, уонæй уæлдай æ рази адæмæй маке уа.

Кæддæр Пахампар фæууидта, еу лæг фус æвгæрдунмæ багъавгæй цитæ кодта, уой: косæрттаг зæнхæбæл æрхъан кæнгæй, исиста æ кард æма 'й циргъ кæнун райдæдта. Хайуанмæ уæхæн æнæтæрегъæд зæрдæдард рауингæй, Пахампар загъта: «Гæрр, аци хайуани фæд-фæди цалдæр хатти рамарунмæ гъавис? Ци æрцудайдæ, уой зæнхæбæл æрхъан кæнуни размæ бал рагацау дæ кард ку исциргъ кодтайсæ, уæд?..»

Косарт кæнæн ес бæрæгбони æртæ боней дæргъи: æ фиццаг бони сæумæй (бæрæгбони намази фæсте) сауæнгæ æртиккаг бони фæсарæфти хор ранигулуни уæнгæ.

Хъурмайнаги фид еугурæйдæр дæхецæн ниууадзæ, зæгъгæ, уомæн неци хузи ес уæн. Фид гъæуй æртæ дехи ракæнун. Еу си æй дæхе, дуккаг гъæуама иурст æрцæуа мæгуртæн, уæззау сæйгитæн, фæккæсуйнæгтæн æфсапи хузи, æртиккаг хай ба – хъурманлæхъ искæнунæн, æрбацæуугутæ, хæстæгутæ æма синхæгти байиуазæг кæнунæн. Нивондæн хаст косæрттаги фид уæйæ кæнун не 'нгъезуй, уотæ æ сæр, цар кенæ къæхтæ дæр – гъæуй сæ лæвар байуарун, кенæдта сæ дæхецæн ниууадзæ...

Нæ дзубандий кæронбæттæни ба нæ фæндуй уой зæгъун, æма Хъурманти æгъдæуттæ федауцæй æнхæст кæнгæй нæ Исфæлдесæгæй нæ еугурдæр ракорæн, цæмæй райдзаст æма зæрдрохс куд уонцæ Иристони цæрæг адæм – ка ци дин хæссуй, ка ци адæмихаттæй æй, уомæ нæ кæсгæй, – æнæгъæнæй дæр райдзаст æма зæрдрохс куд уонцæ, сæ еугурей бийнонтæн дæр амондгун æма фæрнæйдзаг куд уонцæ сæ царди бæнттæ. Хуцау нæ æмвæрстæ цæрунмæ исæнтæсун кодта, æма гъæуама æмзæрдæ-æмзундæй нæ цард аразæн федудæй, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй, кæрæдземæн, Хуцау ни арази цæмæй уа, уæхæн арфиаг гъуддæгутæй агъаз кæнгæй.

**САКЪИТИ Эльбрус**

## БÆРÆГБОНИ АРФÆ

Цæгат Иристони пусулмæнтти Уодварнон управлений номæй дæр æма мæхе номæй дæр зæрдибунæй арфæ кæнун нæ республики еугур цæргутæн дæр Хъурманти бæрæгбони фæдбæл.

Меккæмæ цитгин хадж искæнуни бæнттæ цитгинæй райевгъудæнцæ, æма уомæй пусулмæнтти зæрдитæ байдзаг æнцæ циййнæ æма устур арфитæй. Не 'Скæнæгæн е 'гæрон хуæрзауодæн æма битиради фæдбæл, нæ тæрегъæдтæ искæдзос кæнуни фæдбæл ци нивæндтæ хæссæн, уомæй мах нæ уодтæ æма нæ зæрдитæй сорæн сау гъудитæ, федар си кæнæн хуарздзийнадæ æма рæстадæбæл æууæндундзийнадæ.

Мингай æнзти дæргъи аци бæрæгбон дзиллæн хæссуй тæккæ хуæздæр æма райдзастдæр æнкъарæнтæ. Аци бæрæгбон еу кæнуй адæми, æхсæнади федар кæнуй фæлмæнзæрдæдзийнади æма кæрæдзей нимайуни хуæрзæнхæсти менеугутæ, æргом нин кæнуй пусулмон дини уодварни гъæздугдзийнæдти арф æнкъарæнтæ.

Федарæй ми æруагæс кæнуй, Цæгат Иристони пусулмон æхсæнадæ идарддæр дæр ке архайдзæнæй аллихузон динти 'хсæн рахастдзийнæдтæ федардæр кæнунбæл, фидтæлтæй нин ци 'гъдæуттæ байзадæй, уонæн аргъ кæнун.

Уадзæ æма Хъурманти бæрæгбон нæ республики цæргутæн уа еугæнæги фæрæзнæ, сæ рохс фæндитæ цардмæ хæссуни гъуддаги агъазгæнæг, алли хæдзарæмæ дæр хæсса уоди гъардзийнадæ, циййнæ æма кæрæдзей лæдæрундзийнадæ. Мæ зæрдæ уин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, амонд æма сабур цард, фарнæ æма райдзастдзийнадæ!



***ГУÆЦÆЛТИ Хаджиморат,***
***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий муфтий.***

***ЦÆГÆРАТИ Максим (1916-1990), Цæгат Иристони адæмон финсæг: Уæрæсей еугур рауæнти дæр иссугъдæй революций арт, сæхе имæ тавтонцæ æнсæст æма æфхуæрд дзиллитæ… Карз тохти райгурдæй нæуæг, советон дуйне, сæ цæстæ ибæл æрæвардтонцæ еугур дуйней фæллойнæгæнгутæ, фæуудтонцæ си сæ рохс исонибон…»***



**ТÆКЪОТИ Симон е 'мгустгæнæг революцион раздзæугути хæццæ (æ фæсте – Сергей КИРОВ).**

# АДТÆЙ АДÆМÆН СÆ СÆРБОНС

**3-АГ ХАЙ**

5

Æ автобиографий Тæкъой-фурт еу рауæн уотæ финсуй: *«Мах интернационалистон фракций медæгæ къуар хатти дзубанди кодтан еугур организацийæй дæр компартий хæццæ байеу уни туххæй, уомæн æма зудтан: Терки облæсти еци уавæри коммунистти хæццæ байеу унæн адтайдæ устур политикон ахедундзийнадæ. Фал берæ дзубандити фæсте фракци нæ хæццæ ку нæ арази кодта, уæд мах æртемæй (Тæкъоти С., Элердов æма Бутырин) рахецæн ан фракцийæй æма бацудан Коммунистон партимæ…»*

Большевикти партий рæнгъитæмæ бацæуни фæсте Симон никки æновуддæрæй райдæдта тох кæнун контрреволюций нихмæ, пролетарон революци фæуухелахези сæрбæлтау.

Еци тох ба карз æма æверхъау адтæй 1918 анзи декабри. Советон хецаудзийнади нихмæ тохгæнæг Деникини æфсæдтæ æрбахæстæг æнцæ Терки облæстмæ, уой хæццæ ба ма æ сæр исхъел кодта бунæттон контрреволюци. Уомæ гæсгæ арæзт æрцудæй Терки республикæ гъæуайкæнуйнади совет, æ сæргъи Серго Орджоникидзе. Еци совет, Терки республики Адæмон комиссариати Совет УКП (б)-ий Кавкази крайи æма Дзæуæгигъæуи комитеттæ Терки республики еугур коммунисттæмæ æма фæллойнæгæнгутæмæ фæдздзурдта: «Уæ къохтæмæ хуæцæнгæрзтæ райсетæ!» – зæгъгæ. Еци зин рæстæги Симон Гъæуайкæнуйнадон совети æма Адæмон Комиссарти Совети фæдзæхстмæ гæсгæ удуæлдайæй архайдта Иристони æма Мæхъæли революцион тухтæ æмбурд кæнунбæл. Иристони гъæути еци куст кодта Ю. Фигатнерими хæццæ.

Тæкъоти Симон 1919 анзи ноябри кæрони нисангонд æрцудæй советон æфсæддонти галеу фланги (Даргъ-Къохæй Киристонгъæумæ) командирæй. Симон æвæстеуатæй райдæдта тугъдон тухтæ æмбурд кæнун, фал берæ бакæнун æ бон нæ бацæй, уомæн æма Шкурой æфсæдтæ æнæнгъæлти æрбампурстонцæ Иристонмæ, байахæстонцæ Æрæдон. Еци рæстæг Симон, Къесати Хъæлæмурзæ æма Тæкъоти Дзандар дæр Æрæдони адтæнцæ. Шкуро базудта, Симон Æрæдони ке æй уой, æма фегъосун кодта, удæгасæй æй ка æрбахона, уомæн дууинсæй мин соми ке ратдзæнæй, уæхæн хабар.

Æ хуарз лимæнти фæндонмæ гæсгæ Тæкъой-фурт цалдæр æмбалей хæццæ зумæги Къæрæугоми æфцæги сæрти бахизтæй Гурдзимæ. Ами уайтæккæ райдæдта æ революцион куст кæнун, æнхæст кодта партий Кавкази крайкоми фæдзæхститæ.

Сурх Æфсад 1919 анзи кæрони ниддæрæн кодта Деникини сæйрагдæр тухтæ æма етæ сæхе еуварс кæнун байдæдтонцæ Кавказæй. 1920 анзи январи Симон Къæрæугомбæл фæстæмæ æрбахизтæй Дигорæмæ. Æ хæццæ ма адтæнцæ Борухъуати Хъазбег, Гарданти Михал, сæ кæсгон æмтохгæнгутæ Назир Катханов, Хаджи Мидов æма Ахмет Мусакаев. Партий Кавкази крайкоми фæдзæхст æнхæст кæнгæй, Симон бавналдта Иристони фæллойнæгæнгути Деникини нихмæ исистун кæнуни кустæн разамунд дæттунмæ.

Тæкъоти Симон адтæй партий Кавкази крайкоми бæрнон косæг, уой разамундæй 1920 анзи мартъий партизантæ Иристон искæдзос кодтонцæ деникинонтæй æма си æрфедар кодтонцæ Советон хецаудзийнадæ. Байзадæй ма Дзæуæгигъæу, фал уой дæр Гикалой отрядтæ, Дзæуæгигъæуи æма Иристони партизанти хæццæ еумæ исуæгъдæ кодтонцæ 24 мартъий.

Райдæдта нæуæг, сабур цардиуагæ аразуни рæстæг. Симон бабæй нæуæгæй нисангонд æрцудæй бæрнон бунæтти. Адтæй Уæрæсей Коммунистон (большевикти) партий Дзæуæгигъæуи комитети иуонг, Дзæуæгигъæуи ревкоми сæрдари хуæдæййевæг, уæдта уæди Терки облæсти ревкоми сæрдари хуæдæййевæг, УКП (б)-ий Терки облæсти оргбюрой иуонг. 1920 анзи августи æвзурст æрцудæй УК(б)П-ий облæстон комитети фиццаг секретарæй, еци-еу рæстæг адтæй Терки облæсти æнхæсткоми сæрдари хуæдæййевæг дæр. Терки облæстæй Хуæнхон Автономон Советон Социалистон республикæ ку исаразтонцæ, уæд 1921 анзи феврали Тæкъоти Симон æвзурст æрцудæй республики Адæмон Комиссарти Совети сæрдарæй.

Кавкази зæнхæбæл Деникини æфсæдти нихмæ тугъдæн хатдзæгтæ кæнгæй, УК(б)П-ий Кавкази крайком устур аргъ искодта Тæкъоти Симони æма е 'мтохгæнгути удуæлдай революцион кустæн: *«Ке зæгъун æй гъæуй, мах еу минут дæр нæ иронх кæнæн уой, æма Цæгат Кавкази нæ къохи ци уæлахездзийнæдтæ бафтудæй, уони туххæй фиццагидæр боз ке ан, фæллойнæгæнæг дзиллити гъуддагбæл кæрæй-кæронмæ дæр еузæрдиуонка адтæй æма бæгъатæрæй ка тох кодта, еци æмбæлттæй: Гикалойæй, Тæкъоти Симонæй, Тогойти Данелæй, Долгатæй, Чабиевæй æма иннетæй. Етæ ку нæ адтайуонцæ, уæд крайкоми куст уотæ рæвдзæй нæ рацудайдæ…»*

Хуæнхаг республики Адæмон Комиссарти Совети сæрдарæй Симон бакуста 1922 анзæй феврали уæнгæ, уæдта 'й æхе курдиадæмæ гæсгæ УКП(б) ЦК-й Хонсар Хорискæсæни бюро рарвиста УКП(б)-ий ЦК-ий Кавбюрой бæрни косунмæ. Æндæр кустмæ ке рацудæй, уой туххæй О. Орахелашвили финста, Симонæн, дан, «устур кадæ кодтонцæ хуæнхаг адæмти фæллойнæгæнæг дзиллитæ, адтæй федар политик-марксист. Хуæнхаг республики еузæрдиуон æма рæстзæрдæ косæг, гъе æрмæст æй багъудæй загъта-багътати туххæй хуæнхаг гъуддæгутæй рæстæгмæ хе райеуварс кæнун…»

Æхе фæндонмæ гæсгæ Симони Кавбюро рарвиста Гурдзий УКП (б)-йи ЦК-йи бæрни. Ами 'й исæвардтонцæ раздæр Калаки æнхæсткоми иуонгæй, уæдта партий Батуми обкоми фиццаг секретарæй. 1922 анзи июни æй исæвардтонцæ УКП(б) Фæскавкази крайкоми агитпропхайади сæргълæуууæгæй, еци-еу рæстæг ма адтæй газет «Заря Востока»-йи бæрнон редактори хуæдæййевæг дæр. 1922-1923 æнзти адтæй Гурдзий Центрон Æнхæстгæнæн Комитети иуонг.

Тæкъой-фурти исуæгъдæ кодтонцæ «Заря Востока»-йи редакций кустæй æма 'й 1923 анзи исæвардтонцæ 26 комиссарей номбæл Фæскавкази Коммунистон Университети ректорæй (еци-еу рæстæги куста агитпропхайади сæргълæуууæгæй дæр).

Партион æма советон оргæнтæ Калакмæ рарвистонцæ курдиадæ, цæмæй Тæкъой-фурти рарветонцæ Хуæнхаг республикæмæ косунмæ. Еци курдиадæмæ гæсгæ Симони исуæгъдæ кодтонцæ УКП(б)-ий Фæскавкази крайкоми æма университети кустæй. Симон æрцудæй Цæгат Иристонмæ. Уæдмæ Хуæнхаг республикæ радехтæ æй автономон облæститæбæл. Тæкъой-фурт раздæр куста Цæгат Иристони автономон облæсти æнхæстгæнæг комитети сæрдари хуæдæййевæгæй, уой фæсте ба, 1924 анзи ноябрæй 1927 анзи январмæ партий Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй. Адтæй УКП(б)-ий Цæгат Кавкази крайкоми æма Крайи æнхæсткоми иуонг.

Цæгат Иристонæй автономон облæст арæзт ке 'рцудæй, уомæ гæсгæ облæсти партион организаций размæ 'рлæудтæй зин æма бæрнон ихæстæ. Æма хæдзарадон, культурон æма паддзахадон арæзтади ци агъазиау гъуддæгутæ арæзт æрцудæй, уонæн сæ зингæдæр хай исæнхæст кæнун бантæстæй Тæкъой-фурти хъæппæресæй æма уой разамундæй.

Гъе уотемæй, Тæкъоти Симон, раздæр Хуæнхаг республики бæрнон бунати уогæй, уой фæсте ба партий Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй косгæй, берæ ахедгæ фæллæнттæ бакодта Иристони, уæдта иннæ хуæнхаг адæмти царди Советон хецаудзийнадæ æма социалистон паддзахадæддзийнадæ æрфедар кæнунæн.

Тæкъоти Симони 1927 анзи раййивтонцæ косунмæ Мæскумæ. Еци анзи мартъий 1929 анзи октябри уæнгæ адтæй УСФСР-и рохсади Адæмон комиссаради Н.К. Крупскаяйи хуæдæййевæг (Крупская уæд адтæй Главполитпросвети хецау). Цæйбæрцæдæр рæстæг адтæй УСФСР-и рохсади Адæмон Комиссаради Главпрофобри, зæгъгæ, хаййади сæргълæууæг. Еци-еу рæстæг ма адтæй Хорискæсæни адæмти коммунистон университети наукон косæг æма ахургæнæг дæр.1930 анзи июнæй æ æрахæссуни (1937 анзи 30 июли) уæнгæ куста Кремли Уæрæсей Центрон Æнхæстгæнæг Комитети нацити хайади хецауи хуæдæййевæгæй.

Тæкъоти Симон æ еугур революцион æма партион-паддзахадон кустæй равдиста, рæстзæрдæ адæймаг ке адтæй æма рæстуодæй ке лæггадæ кодта æ адæмæн дæр æма Райгурæн бæстæн дæр. Уой ин нæ ниббухстæнцæ нæ адæми знæгтæ, арæзт ибæл æрцудæй æбуалгъ, мæнгард гъуддаг æма Тæкъоти Симони 1937 анзи æрахæстонцæ. Е уæззау незæй фæссæйгæ угæй, уоми 1938 анзи 24 октябри рамардæй.

Уой фæсте ма бæргæ исбæрæг æй, бустæги æвудæй æй ке бабун кодтонцæ, – 1938 анзи 27 октябри Цæгат Иристон медгъуддæгути адæмон Комиссариат унаффæ: «Дело по обвинению Такоева Симона Алиевича прекратить» бæргæ рахаста… Фал… Уотæ æверхъауæй ин æ цард ку нæ рацубуртæ кодтонцæ, уæд ма ин цæйбæрцæбæл берæ арфиаг гъуддæгутæ исаразун бантæстайдæ!..



**ТÆКЪОТИ Симонæн циртдзæвæн æвæрд ес Киристонгъæуи Кади Аллейи.**

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг зундгонд поэт æма тælмацгæнæг Дарчити Гаврили фурт Дауити райгурдбæл 29 майи æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1911-1989).**

*В Минздраве планируют за десять лет увеличить среднюю продолжительность жизни в нашей стране до 81 года. Сегодня «средний» россиянин живет чуть дольше 73 лет. При этом поставлена задача, чтобы к 2036 году показатель вырос до 78-81 года. Прогнозы прогнозами, но насколько это осуществило при нынешних условиях жизни россиян?*



НАМ БЫ ЖИТЬ ДОЛГО И СЧАСТЛИВО!..

# ДЕРЖАТЬ НЕДУГ ПОД КОНТРОЛЕМ!..



В разгар весеннего сезона аллергии, когда лещина и ольха уже отцвели, а береза только начинает свою атаку, мы поговорили с ведущими пульмонологами страны о том, почему астма остается незамеченной, чем опасны резкие перепады температуры и что поможет держать болезнь под контролем.

### ЦИФРЫ МОЛЧАНИЯ

Кажется, что бронхиальная астма – одно из самых изученных заболеваний. Но и одна из самых больших проблем. Официально в России зарегистрировано около 1,5 млн пациентов. Но главный внештатный пульмонолог Минздрава России, академик РАН Сергей Авдеев приводит другую цифру: «По эпидемиологическим данным, астмой болеют 6,9% всего населения России. То есть таких больных должно быть приблизительно около 10 млн». То есть получается, примерно 8,5 миллиона россиян, испытывающих проблемы с дыханием, про то, что у них опасная астма, даже не подозревают.

Почему так происходит? Люди либо не обращаются к врачу, списывая одышку и кашель на усталость или простуду, либо годами лечатся от "хронического бронхита". Как уточнил Авдеев, многие терапевты до сих пор боятся ставить диагноз «астма», перекладывают ответственность на аллергологов (а до них рядовому пациенту добраться не так и просто – такие специалисты есть не везде). Итог печален: человек снимает симптомы, облегчая себе дыхание быстрыми препаратами, расширяющими дыхательные пути (вроде сальбутамола). Но на хроническое воспаление – первопричину недуга – такие лекарства не действуют, и болезнь продолжает прогрессировать.

### СВИСТ ВМЕСТО КРИКА

Как же понять, что это астма, а не простуда? Главный симптом, который должен насторожить и заставить замереть и прислушаться к себе, – это... свист. «Свистящее дыхание, которое слышит сам пациент или его родные, особенно ночью – вот это тот симптом, который должен очень насторожить», – говорит завкафедрой аллергологии и иммунологии РМАНПО, профессор Наталья Ненашева.

Но есть и другие маркеры. Если вы чувствуете, что не можете вздохнуть полной грудью (ни вдох, ни выдох), если кашель или удушье возникают чаще двух раз в неделю или будят вас по утрам – это «красные флаги». «Появление ночных или ранних утренних симптомов – это всегда маркер развивающегося обострения», – предупреждает эксперт.

### «СИНИЙ» ОБМАН

Есть важный момент для понимания болезни, который врачи называют "парадоксом лечения". При астме применяют два типа препаратов.

Первый – бронхолитики (например, те спасительные баллончики, с которыми астматики со стажем не расстаются). Один «пшик», один вдох – и аэрозоль расширяет бронхи и снимает спазм за секунды. Пациент вдохнул – и ему сразу лучше. «Но проблема в том, что подобная терапия никак не уменьшает воспаление», – поясняет Авдеев. В том и парадокс – пациенту быстро становится легче, и он «забывает», что надо лечить и первопричину болезни.

Второй тип – ингаляционные глюкокортикостероиды. Вот они как раз борются с воспалением, убивая болезнь в зародыше. Но пациент немедленного результата «здесь и сейчас» не чувствует. «Эффект развивается очень медленно. И пациенты думают, что лечение неэффективно и выбирают то, что работает быстро. А «работает» как раз то, что не влияет на воспаление», – объясняет профессор Авдеев.

Выход есть – лекарства «два в одном», комбинированные препараты, в которых смешаны и быстрый бронхолитик, и медленный гормон. «Каждый раз, когда пациент использует этот препарат, чтобы снять симптомы, он получает и противовоспалительное лечение», – говорит Ненашева.

Правда, не все пациенты понимают, зачем им нужна именно такая схема, и задача врача – не просто назначить лекарство, но и объяснить, как оно действует.

### ХОЛОД КАК ЛОВУШКА

Интересно, но нередкие весенние похолодания, которых аллергики ждут, потому что «не пылит», могут в итоге привести к большим обострениям.

«Когда приходит похолодание, пыльца сохраняется в пыльниках и продолжает созревать. Если наступает резкое потепление, выбрасывается очень много зрелой пыльцы. При обычной весне часть пыльцы незрелая, она безобидная, а вот зрелая пыльца – это самый сильный, «злой» аллерген, – предупреждает Ненашева. – В прошлом году из-за такого феномена концентрация пыльцы березы достигала 15 тысяч зерен в кубометре воздуха, и у нас было много дебютов астмы».

### ЖИЗНЬ БЕЗ ГРАНИЦ

Хорошая новость в том, что астма – не приговор. Врачи единодушны: контролируемая астма – это жизнь без ограничений. «Вспомните олимпийских чемпионов – лыжников, конькобежцев, пловцов. Огромное количество из них – пациенты с бронхиальной астмой», – напоминает Авдеев. Болезнь не мешает ставить рекорды, рожать детей и дожить до ста лет.

Единственное «но»: если астму запустить и не лечить воспаление, она может привести к необратимым изменениям в легких. А если не держать недуг под контролем, внезапный приступ может оказаться смертельным. В мире ежегодно умирает около 500 тысяч пациентов, в основном из-за таких приступов.

КОМПЕТЕНТНО

## КЛЮЧЕВЫЕ СОВЕТЫ ОТ ПРОФЕССИОНАЛОВ НА ВЕСЕННИЙ СЕЗОН

1. Не увлекайтесь «быстрым баллончиком» (бронхорасширяющим сальбутамолом). Если вы используете его чаще двух раз в неделю просто потому, что тяжело дышать – это значит, что базовая противовоспалительная терапия не работает, идите к врачу, меняйте схему.

2. Готовьтесь к теплу заранее. Если во время похолодания вы чувствуете облегчение – не обманывайтесь. Как только солнце выйдет, пыльца, «запечатанная» холодом в пыльниках, посыплется в воздух лавиной. Усильте терапию по согласованию с доктором уже сейчас.

3. Обращайте внимание на ночные симптомы. Проснулись от свиста или кашля? Это маркер неконтролируемого воспаления. Не тяните, не думайте, что «само пройдет» – нужно подбирать лечение.

4. Маски, фильтры и душ – ваши друзья. После прогулки в ветреный день обязательно принимайте душ и меняйте одежду. Используйте H95-маски (обычные тканевые от пыльцы спасают плохо) и, вернувшись с улицы, промывайте нос солевым раствором.

5. Двигайтесь. Астма – не повод лежать на диване. Физическая нагрузка тренирует дыхательные мышцы и улучшает контроль над болезнью. Доктор поможет подобрать правильные нагрузки. При этом любую активность надо начинать только на фоне базисной терапии.

6. Если у вас есть наследственная предрасположенность к аллергии или вы заметили у себя хотя бы один из перечисленных симптомов (свист, ночной кашель, чувство неполного вдоха), начните с визита к терапевту или идите сразу к пульмонологу. Когда в карте указан диагноз – пациент получает доступ к бесплатным (льготным) препаратам, которые действительно продлевают жизнь. А в критической ситуации ее спасают.



### ЧТО УКРЕПЛЯЕТ ПАМЯТЬ

Эфирное масло розмарина, воздействуя на мозг, значительно увеличивает возможности памяти, считают британские психологи. Ученые привлекли к участию в эксперименте 66 человек, разделили их на 2 группы и поместили в разные комнаты (одна из них была ароматизирована эфирным маслом розмарина). Затем добровольцам предложили выполнить ряд тестов на проверку памяти (эксперты прятали предметы и спустя время просили добровольцев их найти или предлагали им передать определенные предмет в указанное время). В итоге оказалось, что люди, вдыхающие аромат розмарина, лучше справились с заданиями. У них также отмечался высокий уровень 1,8-цинеола (соединение, содержащееся в розмариновом масле) в крови. Это соединение действует на химические системы в организме, влияющие на память.



**Комментирует профессор кафедры нервных болезней Первого МГМУ имени И.М. Сеченова Владимир Захаров:**

– У нас не проводилось исследований о влиянии эфирных масел на улучшение памяти, поэтому трудно прокомментировать этот эксперимент британских ученых. К тому же не очень понятны выводы экспертов: почему способность отыскать спрятанный предмет отражает долговременную память? Речь идет, скорее, о внимании или о его концентрации.

Считается, что память улучшается благодаря заучиванию наизусть стихов или иной информации. На самом деле более эффективно – установление ассоциативных связей внутри информации, попытка создания зрительного или эмоционального образа. Например, чтобы запомнить три слова «холод-рама-книга», можно представить себе человека, который сидит с книгой возле окна, а за окном морозная погода.

*Публикумые на этой странице материалы позаимствованы из открытых источников.*

**Любопытный, знаменательный день отмечается 29 мая – Всемирный день здорового пищеварения. Отмечать ли его нам, россиянам, при нашем далеко не здоровом питании?**

***Номдзуд ирон поэт ТОКАТИ Алихан (1893-1920) кæд естæмæ бæлдтæй, уæд æ уарзон адæмæн амондмæ, ести хуæрзти син бацæунмæ. Æ финстæгутæй еуеми уотæ финста: «Æз мæ зæрдæ кæмæн радтон, уæмæй æй нæбал райсдзæнæн фæстæмæ, цъифи æй ку тола æмæ йæ кæркитæн ку æнсæнда, уæддæр. Кæсдзæнæн имæ æмæ ’й уæд сабурæй мæ фыццаги уарзон***



# САНАТИ Уари

# КЕРМЕН

## Уацау

Уацау аййевгонд æй кинонивæ «Кермен»-æй къартæй. Кермени роли – Уæрæсей адæмон артист УАТАТИ Бибо (1939-2000). Къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй.

Ратадæй уæлдæфи топпи хъуæцæ. Ниссабур æй æрдзæ. Минкъий кодта сæлфунæг, бæлæстæ дæр цума сæ фур гъенцъунæй æрсæргубур æнцæ æма цума сæ уайдзæфтæ Галай бæласæн кодтонцæ.

Фал мард фæцæнцæ Астемурати Хамит æма Хату, мард фæцæй, аци бæлæхтæ ка аразта, еци Тлаттати Мæхæмæт дæр. Уомæн урдуги æ сæр уотæ идард разилдæй, æма ин æй ергæ дæр нæбал кодтонцæ. Уодæгасæй райервазтæй айдагъдæр Хъайсæн.

– Хъазар нин рауадтæ, Агудзони фурт, – загъта ма е, – Æфснайун гъæуй мæрдтæ, исгъæргæнæн дæр син нæййес, байвæрун сæ гъæуй сосæггай. Аци хелаги ба къахти ниггæлдзун гъæуй, уадзæ е ба ’й робæстæ бахуæронцæ… Дессаг!.. Фараст нæмуги исæмбалдæй æ реубæл, уæддæр нæ мардæй!..

Изæрдалингити Астемуратæ фæлластонцæ сæ мæрдтæ.

* * *

Хаджи-Паго бахъæрттæй Хъобанмæ, æрфестæг æй Алихани хæццæ Кермени хæдзари размæ. Бадзуайи-фурт Абурæг адтæй Керментæмæ, æ игъæлдзæг дзубанди æндæмæ гъæрæй игъустæй:

– Агудзон, мадта ма æз ба Керменмæ ку æнгъæлмæ кæсун нур æртæ бони. Æнæмæнгæ æхсицгæ гъуддæгутæ мин адтæй кæмидæр, фал уой тухxæй ку нæбал рандæ дæн, уæд е кумæ фæрраст æй?

*(Кæрон. Райдайæн 16,18-аг номери)*

Агудзон ин загъта:

– Нæ зонун, Абурæг ами имæ æмбесæхсæви кадæр æрбадзурдта. Æ дзурд мæмæ Мæхæмæти хузæн фæккастæй, æма ма мин уотæ загъта: «Еу кæсгон лæг нæмæ ’рбацæуйнаг æй, æма æнæ мæн ку фæззинна, уæд æй мæн иссудмæ бауорамæ…» Уæдта рандæй.

Еци рæстæги кадæр тургъи дуар æрбахуаста. Абурæг къæразгæй ракастæй æма исдзурдта:

– Агудзон, далæ еу æнахур иуазæг!.. Дæ хæдзарæ рафснайæ, ка ’й зонуй, медæмæ ку цæуа! – æхуæдæг рауадæй иуазæги размæ.

Бæхгин бадтæй бæрзонд, хуæрзарæст цъæх стъæлфæнтæ бæхбæл. Æ бæхбæл бæрæг адтæй, тухцуд ке фæккодта, е. Иуазæг дзоруй æрдæгиронау:

– Кермен ами нæй?

– Æ хæдзарæ ами æй, æхе дæр ин иссердзинан, – дзуапп равардта Абурæг.

Иуазæг æрхизтæй бæхæй æма, æ нимæт ку раласта, уæд æ фæсарцæй æргæпп кодта еу гъомбæл биццеу. Еци иуазæг адтæй Хаджи-Паго, биццеу ба – Алихан.

Хаджи-Паго æма Абурæг кæрæдземæн сæхе байамудтонцæ. Агудзон ку базудта, Кермен алли бон ци Хаджи-Пагой кой кæнуй, е æй æ размæ, уæд æй æцæг мади хъури никкодта:

– О, мæ зæрди уедагæ, мæ цæстирохс, æз дæ уиндæмæ ку бæллун, æз уомæй ку тарстæн, æнæ дæу фæуууингæ ку рамæлон!

– Мæлгæ нæма, Агудзон, мæлгæ, – загъта Хаджи-Паго. – Дæ дууæ биццеуи дин гъæуама дæ фæллæнттæ бафедонцæ. А дууæ бони киндзæ хондзинан, мæ хъаймæти хуæрæ Госæгъай. Кермен еуæй ме ’нсувæр æй, иннемæй ба мæ сиахс æй. Гъе уæд дин дæ дууæ биццеуи дæ фæллад исуадзун кæндзæнæнцæ. Дæ берæ зинтæн æрхъæрттæй сæ кæрон. Мæнæ уин е ба, – загъта Хаджи-Паго, Алиханмæ райамонгæй, – Госæгъай мади æнсувæр Алихан. Берæ ибæл фæхъхъиамæт кодтонцæ æма тухxæй бафтудæй мæ къохи.

Агудзон æма Абурæг ходгæкæугæ сæ хъури никкодтонцæ Алихани, уæдта Агудзон рандæй æма февналдта хуæруйнаг кæнунмæ. Хаджи-Паго æма Абурæг еунæгæй ку райзадæнцæ, уæд Абурæг уотæ зæгъуй:

– Хаджи-Паго, махмæ ес еу æмбесонд: кенæ Хетæг гъæдæмæ, кенæ ба гъæдæ Хетæгмæ. Керменæй курдтон, цæмæй мæ дæ хæццæ базонгæ кодтайдæ, фал мæмæ дæхуæдæг фæрраздæр дæ. Адтæй нæмæ дæ кой, дзубанди дæр бакодтан дæ хæццæ дæ хуæри хæдзари куд æма кæд гъæуама исæмбалдайанæ, уой тухxæй.

Уæд Хаджи-Паго ку зæгъидæ:

– Амондгун дзубандитæ кодтайтæ æма æцæг рауадæнцæ. Фал дессаг: æз имæ æрветгæ ку кодтон, тагъд дæбæл æмбæлдзинан, зæгъгæ… Мах дæр ин, Абурæг, бафуддæрагæн кæндзинан. Кæд æхсæвæ нæ фæззинна, уæд Баймæтатæмæ нæ бæхтæ базмæлун кæндзинан, е ба нæмæ уæд дуарæй бакæсæбакæсæ кæнæд.

Абурæг æма Хаджи-Паго кæрæдзей зæрдитæ хъæбæр тагъд иссирдтонцæ, рагæй цума зонгæ адтæнцæ, уоййау. Сæрдигон æхсæвæ сæбæл хъæбæр тагъд æрбабон æй. Фал нæ зиннуй Кермен. Сæумæй сехуар ку искодтонцæ, уæд Хаджи-Паго дзоруй Агудзон æма Абурæгмæ:

– Хъæбæр мæ фæндуй мæ хуæрæ Госæгъай бабæрæг кæнун. Мæнæ ин æ мади æнсувæр Алихани дæр радтианæ. Кермен ку æрбацæуа, уæд æй рарветæ Баймæтатæмæ. Мах дæр си нæ маст исесæн, Агудзон. Е æз æма Абурæгмæ нæ бангъæлмæ кастæй, мах дæр имæ нæ кæсæн, – сæхуæдтæ игъæлдзæгæй нихxудтæнцæ æма рандæнцæ Баймæтатæмæ.

* * *

Хаджи-Паго хуæстæй Алихани къохбæл, æ рази лæудтæнцæ Госæгъа, æ мадæ, æ фидæ æма Абурæг.

Берæ фæццийнитæ кодтонцæ Баймæтатæ дæр Алихани фæййервæзунбæл – сæ хæдзарæ устур игъæлдзæгдонæ иссæй. Уой фæсте Госæгъа Хаджи-Пагойæн ракодта Кермени хабæрттæ: æртæ боней æмгъудæй куд рандæй, æма куд фæдзахста, зæгъгæ, уæдмæ ку нæ исæмбæлон, уæд мæ агоретæ. Госæгъа никки радзурдта, Мæхæмæти хæццæ ке рандæй, уомæ гæсгæ имæ æ зæрдæ хъæбæр ке дзурдта, уой.

Ци балæдæрун гъудæй Хаджи-Пагойæн гъуддаг? Сабургай бадзоруй Абурæгмæ:

– Цæугæ нин æй!.. Фал æ хуæрæ ма фæттæрса, уой тухxæй æхе игъæлдзæггомау дардта. Рацудæнцæ Баймæтати хæдзарæй æма надбæл Абурæгæн загъта:

– Не ’нсувæр гурусхаг рауæни æй, Абурæг, мæ хуæрæ куд радзурдта, уотемæй. Мæ номæй æй расайдтонцæ. Æрзелун ибæл гъæуй, фæййагъаз ин гъæуй. Ду исуайæ æма рабæрæг кæнæ Мæхæмæти. Кæд уоми уа, уæд ин зæгъæ, æз æй агорун, зæгъгæ.

Абурæг хъæбæр тагъд фездахтæй, æ дзуапп адтæй:

– Мæхæмæт ами нæй, Кæсæги æй.

Хаджи-Паго уой фегъосгæй, тухстхузæй дзоруй:

– Абурæг, не ’нсувæр Кермен тæссаг уавæри æй. Госæгъа куд зæгъуй, уотемæй сæ рандæуни размæ Галай бæласи кой кодтонцæ: е хуарз бæласæ нæй. Цæун гъæуй æ фæд-фæд, ци ибæл цæуа, е ибæл кæсæги къохæй цæудзæнæй, еци Галай бæласæ Астемурати гъæуи сæрмæ ’й. Цъаммар, налат адæм æнцæ Мæхæмæти мади ’рвадтæлтæ. Уæдта дессаг е æй, уæхæн тæссаг балци куд бауæндтæй Мæхæмæтбæл!

Бон адтæй рæсугъд. Цъеутæ зардтонцæ. Æргинарæги дон æнæмæтæй, æ уолæнтæй гъазгæ, размæ ’скъардта. Дзулати мæсуг цума æ къохауйонæй идардмæ кастæй, уоййау лæудтæй æнцад, æма æ рæбунти ци дууæ бæхгини æревгъудæнцæ, уонæн сæ цæсгони бакаст адтæй сагъæсæй идзаг. Етæ уæд тагъд цудæнцæ, уæд сæ цуд фæссабур кæниуонцæ, дзубандигæнгæ, се ’хситæй цума ескæмæ æвзедгæ кодтонцæ, уоййау. Нади еувæрсти цудæнцæ, цума фæд агурдтонцæ, уой хузæн.

Етæ ’нцæ Абурæг æма Хаджи-Паго, Кермени фæдагоргутæ. Сæ арæзт æй Галай бæласи ’рдæмæ. Куд имæ хæстæгдæр кæнунцæ, уотæ сæ тас фулдæр кæнуй. Æрхъæрттæнцæ еци рауæнмæ. Кермен æма Мæхæмæт сæ бæхтæ ци къилдунбæл исуагътонцæ, уордæмæ кæсунцæ æма си фæууидтонцæ уæрдунвæд. Хаджи-Паго бадес кодта:

– Цума, аци уæрдунвæд ами цæмæн æй?

Бæхтæй æрхезунцæ, бæласи алливарс æрзелунцæ. Бæласи бун адтæй æнсæнст, уæрдунвæд кумæ бацудæй, уоми иссирдтонцæ тоги æртæхтæ. Еу-дууæ рауæнеми ма си адтæй никкидæр тогвæдтæ, фал си урдуги еу тогвæд. Æрфæни фæди хузæн хъæбæр идард рахаста, æма уой ку фæууидтонцæ, уæд сæ зæрдитæ бустæги нирризтæнцæ:

– Ци ’рцудæй не ’нсувæрбæл, е ибæл ами ’рцудæй, – загъта Хаджи-Паго, – фал дессаг æнцæ аци тоги фæдтæ. Ами еу лæги тог нæййес, ами ма никкидæр фæцæй мæрдтæ, æгæр идардгомау æнцæ кæрæдземæ, неци си базонæн ес ами. Уæрдуни фæдбæл цæуæн…

Рандæнцæ. Æма сæ ’ркодта раст Астемурати уæлмæрдтæмæ. Бон баталингæ ’й, æма фулдæр базонун сæ къохи нæбал бафтудæй.

Фал талинги дæр кодтонцæ сæ гъуддаг. Етæ иссирдтонцæ Хомбадзари, Астемурати косæги. Е адтæй мæрдтæ ласунмæ æма син радзурдта, Кермен куд фæммард æй æма ’й кæми ниуагътонцæ.

– Нур Астемуратæ уотæ рæуонæ кæнунцæ, – загъта Хомбадзар, – цума устур форди билæбæл Биасланти хæццæ лæбурди адтæнцæ æма уоми фæммард æнцæ. Мæнæн бахуæрун кодтонцæ ард, макæмæн нæ исгъæр кæнæ, зæгъгæ… Фал мæнгард адтæнцæ æма сæбæл хийнæй ку рацæуон, уæд е Хуцаумæ дæр гъулæг нæ фæккæсдзæнæй.

Хаджи-Паго æма Абурæгбæл Хомбадзари дзубандимæ игъосгæй арв нæрун райдæдта, зæнхæ сæбæл зилдæй, мастæн нæбал адтæй кæрон.

Хаджи-Паго уотæ бадзоруй Абурæгмæ:

– Ци кæнæн, Абурæг, нæ хъазар æнсувæр нæбал æй аци дуйнебæл, бахуардтонцæ ’й тогцъух берæгътæ, æ мард ин циртбæл исæмбæлун кæнæн, сирдти цъухæй ин фæййервæзун кæнæн æ мард, кенæ ба бустæгидæр не ’знаги фæндæуагæ фæуууодзинан.

**УЙГЪАНТИ МАХАРБЕГИ КОНД ХУЗÆ «КЕРМЕН»**



**Славайнаг финсунади æма культури Бон бæрæггонд цæудзæнæй 24 майи. Уæрæсей æй бæрæг кæнунцæ 1986 анзæй фæстæмæ куд паддзахадон-аргъауæнон бæрæгбон.**

*дзубандитæй еу-дууæ зæгъдзæнæн, æндæр имæ, миййаг, хæрандæр нæ фæуууодзæнæн, хæлардæр. Æнкъард ма уо æмæ дæ зæрдæмæ маке дзубандитæ есæ... Лæг æнæнез ку уа, æмæ æ тухæ æхемæ ку уа, уæд амонд соргæй æй, æма 'й баййафдзæнæй. Æцæг зонон гъæуй, куд соргæ 'й, уой. Макæд хонæ дæхе мæгур, цалинмæ дæ тухæ дæ медæгæ уа, уалинмæ...»*



* * *

Хаджи-Пагой æнсувæртæ рацудæнцæ фæдеси Кермени мард агорæг. Исхъæрттæнцæ Галай бæласи размæ, иссирдтонцæ 'й. Кермен хустæй æ еу фарсбæл, æ цæсгонбæл нæ зиндтæй нæдæр тасдзийнадæ, нæдæр маст, е 'ргом адтæй Галай бæласæ 'рдæмæ, цума уомæн уайдзæф кодта, уой хузæн. Хаджи-Паго Кермени мард нихъхъури кæнуй æма нигъгъарæнгæ кæнуй, æ сæр хуайгæ:

– Кермен! Кермен!.. Цæмæн мæ уотæ фудæбойнаг фæккодтай?.. Ци зæрдæй ма иссæуон Агудзони размæ?.. Мæрдтæмæ мин нæййес над, аци бæлæхтæ еугурæйдæр мæ номæй æнцæ…

Абурæг сабур кæнуй Хаджи-Пагой:

– Кæунæй нецибал ес раздахæн, фал ин æ мард исæмбæлун кæнун гъæуй Хъобанбæл.

Исрæвдзæ кодтонцæ уæрдун æма рараст æнцæ Хъобанмæ.

Астемуратæ кæд мæнгæй æруагæс кодтонцæ адæми, зæгъгæ, не 'нсувæртæ лæбурди фæммард æнцæ, уæддæр адæмæн сæ фулдæремæй не 'руагæс кодта. Хъайсæн рараст æй Хъобанмæ, зæгъгæ, адæм ци дзорунцæ, уомæ байгъосон, Кермен мард фæцæй, цума, уой Хъобан зонунцæ, æви нæ. Æма 'й уогæ цæмæй зондзæнæнцæ? Мæхæмæти æ хæццæ рацæугæ ку неке фæууидта. Мæхе дардзæнæн игъæлдзæг, цума мæбæл æгириддæр неци 'рцудæй, уой хузæн. Кермени ба уæдмæ сирдтæ бахуæрдзæнæнцæ.

Хъайсæн куд иснет кодта, уотæ æхе дардта Хъобани. Æ бийнонтæн дæр не 'сгъæр кодта, ци 'рцудæй, уой.

* * *

Хаджи-Пагойетæ куд хæстæгдæр кодтонцæ Хъобанмæ, уотæ сæбæл адæм ахиддæр æмбалдæнцæ. Ку фæххабар æй, Кермен фæммард æй, зæгъгæ, уæд адæм фулдæр кæнун байдæдтонцæ. Уотæ исберæ 'нцæ, æма Хъобангоми цæугæ дæр нæбал кодтонцæ. Сæ кæун æма сæ гъарæнгæй хуæнхтæ сæ бундзарæй ризтæнцæ. Исистонцæ Кермени мард уæрдунæй æма 'й хастонцæ сæ уæлнихти. Ку 'й æрæвардтонцæ тургъи Агудзони размæ, уæд бауорамæнтæ нæбал адтæй адæмæн. Тег æма ибæл Темурбий ниддæлгомæ 'нцæ. Уосæ уæд, лæг уæд – нæбал лæвардтонцæ кæрæдземæн барæ. Абурæг æма Хаджи-Паго сæ сæртæ хуайгæ бацудæнцæ Агудзони размæ!..

– Уæ нæ цæсгон бахуæрæн, нæ зæронд мадæ, куд ма 'рбацудан дæ размæ!

Еу рæстæги фæгъгъос унцæ адæм, æма уæд рацæуй æ мадæ Агудзон. Разелуй адæми 'рдæмæ æма уотæ фæззæгъуй:

– Бахатир мин кæнетæ, хуарз адæм, Керменæн æ фæстаг сахат æй, æма ин мæ фæллойнæ ниххæлар кæнон, – æхуæдæг сабургай марди размæ æрлæууй. – Берæ фæлмæн дзубандитæй нин зæрдитæ февардтай, дæ фæллойнæ дин бафеддзæнæн, зæгъгæ. Фал дин кæнун гъаст, еци ихæс ке нæ бафистай æма ке батагъд кодтай, уомæй. Фал мади зæрдæ фæлмæн æй. Давунмæ нæ адтæ, лæборунмæ дæр. Тугъдæй ледзгæй мин нæ фæммард дæ, уомæн дæ фæтæн реу æвдесæн, – идзаг æй е æзнаги нæмгутæй. Ду тох кодтай адæймаги номбæл, дæ сæр нивондæн æрхастай æфхуæрдти сæрбæл. Лæг адтæ æма лæги мард ракодтай. Рохсаг уо! Хæлар дин уæд ме 'хсири цъиртт!

Еци дзубандитæ кæнгæй ин сабургай æ къохмæ бавналдта æма ма загъта:

– Фæндараст, мæ зæрди хонх!..

Агудзони зæрдихалæн дзубандитæмæ игъосгæй хуæнхтæ æма гъæдтæ дæр æмнæрд кодтонцæ. Исистонцæ мард æма 'й рахастонцæ уæлмæрдтæмæ. Æвæрд æрцудæй адаги еу фарс фæтæни. Тег æма Темурби æ циртбæл ниттухстæнцæ æма сæ кæунæй хуæнхтæ ризтæнцæ.

– Кермен!.. Æфхуæрд цагъартæн адтæ сæ фидæ. Мадау сæ рæвдудтай. Æрхастай син дæхе нивондæн. Ду загътай, ку фæууинæ уæдта сæребари турусай гъæдæ, мæ тог – æнæмбуйгæ туруса. Ард дин хуæрæн нæ зæрдитæй, нæ цардæй еци турусай бунмæ сæребарæбæл бæгъатæрæй кæндзинан тох! Дæ тогæй искæндзинан уорс фæринк кæрдтæ. Не 'фсойнитæй ба исараздзинан хъримаг топпитæ! Нæхе нæ, фал нæ сувæллæнтти дæр æрхæсдзинан еци турусай бунмæ нивондæн. Уалинмæ 'рбакодтонцæ Госæгъай. Е хъæбæр æфсæрмитæгæнгæ цирти размæ 'рлæудтæй æма æнцадгай загъта:

– Дуйнебæл дæр адтæн æз дæу, дзурд дин дæттун: дуйнейæй дæр рахецæн уодзæнæн дæ номæй!..

Адæм минкъий фæгъгъос æнцæ æма дзурди барæ ракордта Хаджи-Паго. Хъайсæн дæр лæудтæй хæстæг циртмæ, æма 'й Хаджи-Паго ку рауидта, уæд æ фурмæстæй искудтæй. Хаджи-Паго циртмæ хæстæг балæудтæй æма райдæдта дзорун:

– Хъобан, æз дæн кæсгон, мæ ном æй Хаджи-Паго. Æз адтæн Кермени æрдхуард æнсувæр. Мæнæн уæхæн адгин æнсувæр мади зæнæгæй дæр нæбал ес. Кермени хузæн дуккаг нæ адтæй нæдæр сумахмæ, нæдæр махмæ. Цума цæмæн æрцудæй мард? Кермен нæ уагъта адæймагæй фонс кæнун, нæ уагъта адæймаги фид хуæрун. Мæнæ адæм! Кермени расайдта Тлаттати Мæхæмæт æма 'й рамарун кодта Астемурати берæгътæн.

Еци загъди хæццæ цæхгæр фæззилдæй Хъайсæни 'рдæмæ æма исдзурдта:

– Еци берæгътæй еу мæнæ 'й! – æма ин дамбаца æ тæккæ дæндæгутæбæл ниццæвуй.

– Мæ хъазар æнсувæр, Кермен! Етæ дæ рамардтонцæ сосæггай, фал дин æз Хъайсæнæй дæ маст райстон адæми 'хсæн æргомæй.

Адæм уотæ мæстгун адтæнцæ Хъайсæнмæ æма ма кæд æ цæфæй фæййервазтайдæ, уæддæр æй Тег, Темурби æма иннетæ гæбазгай никкодтонцæ. Тогæйдзаг фиди тумбул иссæй, æгириддæр си нецибал адтæй бæрæг, нигæнгæ ма си ци бакодтайуонцæ, е дæр си нæбал адтæй…

Майрæмихъой цæуæтбæл бакодтонцæ хъоди. Мурзабег дæр зæрондæй бафтудæй æ циртмæ…

Æз мæхуæдæг, Кермени хабæрттæ дзорæг, цæрун Хъобани, Битъæти Мурзабеги хæдзари.

## «УОЙ, ДЗЕНЕТИ ФÆББАДАЙ, НÆ ФÆЙНÆГФАРС КЕРМЕН!..»



Кермен дзиллæн куд сæ сæрбонс, уотæ æцæгæйдæр зæрдтагон адтæй, уомæн æрхæссæн ес берæ бæлвурд æвдесæнтæ. Адæм ибæл искодтонцæ зартæ еугур кæмтти дæр. Уонæй еу мухур кæнæн абони.

Мадта 'й Дигори дзиллæ дæр хуарз зудтонцæ, адтæнцæ си боз. Санати Уарий уацау «Кермен»-æй Цæгат Иристони адæмон поэт Плити Грис ци раздзурд ниффинста, уоми куд амонуй, уотемæй номдзуд ахургонд Штедери финстити еу рауæн кæнуй мæнæ ауæхæн хабари кой, гъома, 1781 анзи Дигорон дæлбарæ адæмæн агъаз кæнунмæ, баделиати (Хъубатти) нихмæ тохунмæ Хъобанæй рацудæй 300 бæхгини. Туйгъанти Махарбег куд зæгъуй, уотемæй зæронд лæгтæ дзурдтонцæ, цума хъобайнаг бæхгинти сæргъи Кермен адтæй. Фал нæййес уой туххæй бæрæггæнæн, æвдесæн документтæ.

### ЧЕРМЕНЫ ЗАРÆГ

Уой, Чермены тохы зарæг
Цы бæлццæттæ бакæной,
Уыцы бæлцæттæ, уæдæ,
Уой, фæндараст æрбауой!
Уой, уæдæ хуссайраг бæлас
Макуы, дам, мын ракæла,
Уой, æмæ куы ракæла, уæд та
Макуы, дам, бамбийа.
Уæй, Чермены хуызæн гуырд,
Уой, макуы райгуыра, ой,
Уæй, куы райгуыра, уæд та
Макуы, дам, нын рамæла, ой.
Тылаттатæ дæу, Чермен,
Кæвдæсард куы хонынц,
Уой, дзæнæты фæбадай,
Уой, фæйнæгфарс сахъ Чермен.

Уой, уæд дын иубон куы уыди,
Чермен хætæнæй æрцыди.
Уой, хætæнæй куы 'рбаздæхт,
Сæ хæдзармæ куы бараст, ой,
Уæд, зæгъы, йæ зæронд мады
Сæ къонайæн йæ фарсмæ
Цæссыгкалгæ 'рбаййæфта
Мæстхуыз æмæ 'рхæндæгæй.
– Уой, нана, цы та кодтай?
Æрхæндæгæй цы бадыс!
Дæ зонд, дæ тых мауал хæр.
– Æнæ мæт мын куы нæ ис, ой. -
Куы ракæны йæ ныхас, -
Нана дæ нывонд фæуа,
Тылаттаты уæздæттæй
Цæрын куы нал фæразæм, ой,
Уой, æмæ дæ нана дæр
Донмæ куы нæуал цæуы.
Куыроймæ дæр нал уæнды,
Уæ, сæ бындур ныззила!
Тылаттатæ байуæрстой,
Уой, сæ зæххыты дзæбæхтæ,
Уой, дæуæн та дзы, уæ, Чермен,
Кæвдæсарды хай бакодтой.
– Уоц, фæкæс-ма-иу, нана,
Райсом бон куы 'рбацъæх уа,
Уæд зæххæн йæ фæлмæнтæ
Цæхгæрмæ куы кæндзынæн.

Уой, уæд, дын, иубон Чермен
Райсом раджы куы сыстади,
Уый хуссæртыл бакодта
Цæгатæвæрд зæххытæ,
Цæгатыл та – хуссæрттæ.
Тылаттатæ смæсты сты,
Фæйнæрдыгæй йæм кæсынц.
Мæстæй йæм куы сыгъдысты.
Уæд иубон Тылаттатæ
Дыууадæсæй раст сты.
Уыдонимæ, дын, уæдæ,
Сахъ Чермен дæр рацæуы, ой,
Хætæнты, дын, рацæуынц,
Иу ранмæ куы баздæхынц
Ыстыр бæласы бынмæ.
Бæласы бын æрлæууынц,
Æмæ сæ иу бадзуры:
– Ацы бæласмæ, зæгъы,
Чи схиздзæн, чи ракæсдзæн
Æмæ дзы чи суындзæни
Хъулгъайы стыр рæгъæуттæ, ой.
Чермен, дын, уæд куы схызти,
Тулдз бæласæн йæ сæрмæ.
Гæрæхтæ йыл райдыдтой
Тылаттаты мæнгæрдтæ,
Чермен дын уæд фæцæфтæ,
Æргæпп кодта бæрзондæй,
Æрбалваста йе уæнгтæ.
Домбай æвнæлд фæкодта,
Уой, æмæ ма дзы дыууæйы
Ныххурх кодта йæ къухтæй.
Уой, рухсаг, зæхх, æрбауай,
Бестолы фырт хорз Чермен!

СÆБАНТИ ХАДЖЕУМАРИ КОНД ХУЗÆ «КЕРМЕН» ● ИРОН ТЕАТРИ СПЕКТАКЛЬ «КЕРМЕН» ● АЙЙЕВАДОН КИНОНИВÆ «КЕРМЕН»-И АФИШÆ








**Дессаг бæрæгбон – æнсувæрти Бон – бæрæггонд цæудзæнæй 24 майи. Заманай равгæ уин уе 'нсувæрти исбоц кæнун, зæрдиаг арфитæй сæ барæвдаунæн.**

*От неудач и ошибок меня всегда спасала лень.*

☺ ☺ ☺

*– Ты нарядилась так, как будто возглавить хочешь бунт крестьян.*

*Пусть ничего не получилось, зато наматерились всласть.*

☺ ☺ ☺

*Ты соль сготовила отлично, теперь борща сюда добавь.*

## ИРИСХЪÆ ЕУЕТÆМÆ МЕДБИЛТИ ХОДУЙ, ИННЕТÆМÆ БА ТИНГУНÆЙ КÆСУЙ!..



# ЦÆРУНÆН – УАГÆ ÆМА НИФС

Рæхги скъолати райзæлдзæнæй фæндараст кæнуни дзæнгæрæг – уотемæй си рæствæндаг кæндзæнæнцæ сæ рауагъдонти нæуæг фæлтæртæ. Еци цау зæрдæбæл бадаруйнаг куд нæй сæ ирисхъи нæдтæбæл нæхстæргæнæг кизгуттæ æма биццеутæн!.. Мадта си алкедæр æхецæн куд нæ нисан кæнуй тæходуйаг бæлдитæ. Æма син уоми агъазгæнæг исуодзæнæнцæ айдагъ сæхе раукон-циуондзийнадæ нæ, фал сæ ниййергути, сæ бийнонти фарнæ. Цæмæй син е лæдæрддæр уа, уомæ гæсгæ мухур кæнæн мæнæ аци фарстатæ дæр.

**1.** Ниййергутæ (сабийтæ) дин дæ райгурæн бони фæдбæл ке нæ райарфæ кодтонцæ, уомæ гæсгæ ду ба…

а) Дæхуæдæг сæмæ бадзурдтай, баубайдзæф син кодтай, сæ гъос дæмæ ке нæ 'рдардтонцæ, уой фæдбæл.

б) Дæхе æууæндун кæнис, дæ игурæн бон дин ке æримисдзæнæнцæ æма дæмæ æнæмæнгæ ке 'рбадзордзæнæнцæ, уобæл.

в) Се 'нæргъудидзийнадæ уоййасæбæл ахсгиаг гъуддагбæл нæ нимайис. Уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма ма дин рæхги уодзæнæй де 'мбæлтти хæццæ фембæлдтитæ.

**2.** Сувæллон уогæй сæрдигон каникултæ игъæлдзæгæй æрветун берæ уарзтай...

а) Сувæллæнтти лагери… Æртæ къуæрей уæгъдебарæ цард æма нæуæг æнкъарæнтæ.

б) Скъолай медæгæ лагери. Æнæгъæнæ бони дæргъи дæ рæстæг æрветис де 'мбæлтти хæццæ, изæрæй ба хæдзарæмæ æрцæуис.

в) Дæ нанай хæдзари, уордæмæ лаузтæ хуæрунмæ æрæмбурд уиуонцæ де 'мхуæрифурттæ дæр.

**3.** Нæуæг анзбæл ахиддæр кутемæй исæмбæлис?

а) Хуæруйнæгти номхигъд рагацау æрцæттæ кæнун, уæдта хеуæнтти æма æмбæлтти æрбахонун.

б) Фæстагмæ ниуу-адзун, уæдта тæвдхæлæфæй цæттæ кæнун байдайун, мæ къохи ци фæуууй, уонæй еститæ.

в) Алкæддæр бæрæгбон рарветун мæ бийнонти хæццæ.

**4.** Дæ бийнонти хæццæ куд ахид фæдздзорис телефонæй?

а) Алли бон дæр.

б) Къуæремæ еу хатт.

в) Мæйæмæ еу хатт.

**5.** Дæ уæледараæси кондмæ дин дæ хеуæнттæй кадæр ести фау ку 'рхæссуй, гъома, æййевуйнаг æй зæгъгæ, уæд ин ци дзуапп раттис?

а) Расагъæс ибæл кæнун, куд аййевдæр уодзæнæй, уобæл.

б) Мæ зæрдæмæ мæ уæледараæси конд атемæй дæр цæуй.

в) Æнæлæдæргæ каст имæ бакæнун – уомæн æма, нæ бийнонти еумæйаг æхсæвæрмæ мæхебæл ци 'скæнон, уæхæн уæледараæс исамал кæнунбæл æнæгъæнæ бони 'рдæг исхарз кодтон.

**6.** Бийнонти тухххæй циуавæр загъд дæ зæрдæмæ хæстæгдæр лæууй?

а) Бийнонтæ – еугурей сæр. Цæмæй бийнонти гъуддаг бакæнай, уой тухххæй бал гъæуама рагацау расагъæс кæнай, ци дин æй сæйрагдæр: алцидæр æви бийнонтæ.

б) Райгурæн бæстæмæ уарзундзийнадæ фиццаги-фиццагдæр бийнонтæй райдайуй.

в) Бийнонти царди сæйрагдæр медес æма нисанеуæг æй кæстæртæ исгъомбæл кæнун. Уоми ба ахсгиагдæр æй лæг æма уоси, фидæ æма мади 'хсæн кæрæдзей лæдæрундзийнадæ.

### ХАТДЗÆГТÆ

| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| а | 3 | 1 | 2 | 3 | 3 | 1 |
| б | 2 | 2 | 1 | 2 | 2 | 2 |
| в | 1 | 3 | 3 | 1 | 1 | 3 |

**18-15 балли.** Бийнонтæ – е табуйаг æй. Дæуæн бийнонти хæццæ еумæ бæрæгбон æрветунæй ахсгиагдæр неци ес, уæ берæ хеуæнттæ, къабæстæ еумæ ку æрæмбурд унцæ, уæд ма уомæй зæрдæмæдзæугæдæр ци гъæуама уа. Дæ хеуæнттæмæ (мадæмæ, фидæмæ, хуæртæмæ, æнсувæртæмæ) æнæбадзоргæ еунæг бон дæр дæ бон нæй. Фал рæстæг иссерис де 'мбæлтти хæццæ дæр хе райерхæфсунмæ. Уотемæй дæ цард цæмæдесагдæр кæндзæнæй.

**14-10 балли.** Бийнонтæ адæймаги уодæнцойнæ 'нцæ. Дæ зæрдæмæ цæуй дæ бийнонти 'хсæн дæ рæстæг æрветун. Фæндуй дæ дæ еугур бæстæ дæр уони хæццæ æрветун. Дæ сæйрагдæр гъуддагбæл нимайис дæ хеуæнттæмæ фулдæр æргом æздахун. Ниййергутæ дæ ахид фæххонунцæ еумæ исæрфæтад кæнунмæ? Е дессаги хуарз гъуддаг æй!.. Дæ бон бацæй, дæ бийнонти æма дæхе царди 'хсæн ци æнæзингæ листæг ханхæ гъæуама фæззиндтайдæ, уой ниййхалун, дæ бийнонти зæрдæй уарзун. Мабал раййевæ дæ еци менеуæг!

**9-6 балли.** Дæ бийнонтæ – де 'мбæлттæ. Бийнонтæ æвзаргæй нæ фæуунцæ, æма, ка 'й зонуй, уомæ гæсгæ ба еумæйагæй къæбæр-цæнхæ хуæрун дæ зæрдæмæ уоййасæбæл нæ цæуй, æнкъард æма еугæндзон æнцæ. Дæ идард хæстæгути нæмттæ фулдæр хатт гъуди дæр нæбал фæккæнис. Бийнонти 'хсæн рахастдзийнæдтæ дæмæ уæззау уаргъи хузæн кæсунцæ. Бавзарæ дæ хеуæнттæбæл дæхе фулдæр бæттун, цæмæй цæрунцæ, уой базонунбæл байархайæ.

## ХОНÆН УÆ!..




## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1.** **Е уи баруагæс уодзæнæй, æма тумбул къохæй ниггæрахгæнæн ес паддзахи, императори, Фидибæсти Фиди, Петр Фиццаги цæсгон? Уæхæн миуæ исаразун ка бандиудта, е нæ ниббухстæй Петр Алексеевичи айуантæн. Æма паддзахеуæггæнæгæн ба æ цæсгон æнхъирдтæ дæр нæ фæцæй? Еци «фудгæнæг» ци кустгæнæг адтæй паддзах Екатерини рæстæги.**

а) Бæхгæс. б) Хуæруйнаггæнæг. в) Гъæдикустгæнæг.

**2.** **Италиаг балерини фурт уогæй, Петербурги ка райгурдæй, еци архитектор хъæбæр нимади адтæй паддзах Николай Фиццагмæ. Æвæдзи, уомæ гæсгæ бабарæ кодтонцæ Александриаг театри азгъунстæн проект исаразун. Уой аразгæй бахаста фæндæ, цæмæй си пайдагонд æрцæуа æфсæйнаг конструкцити уæди рæстæги бустæги размæцуд системæй. Цæмæй æ хæццæ исарази уонцæ, уомæ гæсгæ загъта: хæдзари сæр ку 'ркæла, уæд æй уоми ниййауиндзæнтæ. Ка адтæй еци æндиуд архитектор?**

а) Росси. б) Леонферран. в) Растрелли.

**3.** **Кæци анзи ранæхстæр æй æ историон балций фиццаг советон хуæдтолгæ?**

а) 1927. б) 1930. в) 1935.

**4.** **Франций зундгонддæр кардиналтæ æмбурд кодтонцæ киунугутæ. Æма си ке æмбурдгонд иссæй аци бæсти фиццаг дзиллон киунугæдони бундор?**

а) Ришелье. б) Мазарини. в) Дюбуа.

**5.** **Е 'ргъудигонд тохæнгарзæй æхе, гъома, «еугур граждæнти дæр исæмхузон кодта сæ бартæй», зæгъгæ, ка æстудта, еци болкъон ка адтæй?**

а) Кольт. б) Вальтер. в) Браунинг.

**6.** **«Уарзондзийнади дзурдтæ еухузон фæуунцæ. Сæйрагдæр æй, ка сæ дзоруй, е...» Аци гъуди францаг финсгутæй ка загъта.**

а) Ги де Мопассан. б) Александр Дюма (отец). в) Эмиль Золя.

* * *

**Аци фарстатæбæл раст дзуæппитæ кæсетæ нæ газети иннæ номери. Абони ба мухур кæнæн нæ газети 18-аг номери мухургонд фастатæбæл дзуæппитæ.**

**1.** Окольничий (паддзахмæ хæстæгдæр бунæттæй дуккаги бадæг. **2.** Сурх. **3.** Фæндзгæйттæ æма цупæргæйттæ. **4.** Андорра. **5.** Бомарше. **6.** Эрмитаж.

**Дигорæ**
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730.** Заказ **№ 1054.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 22.05.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 22.05.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**